# *Israeri NeChechi* 1

. . . tabhenakeri diki yekare. Uye ndanga ndichidzoka kakawanda, kweawa imwe kana 2, kana zvichida kunge ndirimo musevhisi. Ino ndiyo nguva yangu yekutanga kudzoka, kana chero kupi, kuedza kuva nerumutsiriro. Tiri kutanga manheru ano. Rumutsiriro, pamaonero angu, harwusi, zvinoka, rwekuunza nhengo itsva. Rumutsiriro harwusi rweboka revanotendeuka, kunyange hazvo zvinhu izvozvo zvichifambirana nerumutsiriro. Asi *rumutsiriro* "kumutsiridza vamuinavo nechekare," kungovaita kuti vamutsiridzwe.

2 Uye zvino tine mufudzi akaisvonaka kwazvo pano, Hama Neville, vakagara pachigaro chingori pamberi, vakati shoshomei zvishoma manheru ano, nekuda kwedzihwa.

3 Ndiri kuzongozvitaura izvi sezvazviri. Ndaimbova, pandaive pano, ndini ndaiva mufundisi, ndaiva muimbisi wenziyo, ndini ndaitora mipiro, ndaibhadhara zvikwereti, ndini ndaiva muchengeti wenzvimbo, uye ndini ndaiva kapenda wacho, uye ndaitongobvisa madota kubva muchitofu, ndichiita chese hacho chaivepo kuti chiitwe. Zvakare ndichishanda kuPublic Service Company kune rimwe divi. Makore 17 eizvozvo, ndakanga ndiri pano. Uye ndinofara zvikuru nekuda kwechivakwa ichi chekare manheru ano. Uye zvechokwadi chakaita senzvimbo yechiberekerwo kwandiri. Hachina kunyatsoshongedzeka, asi hachina kukura zvakanyanya; asi ndiko kumba, uye ndinonzwa kusungunuka zvikuru. Uye ndinofara kwazvo nekuda kwacho.

4 Uye, zvino, misangano yedu ichava zvichida (takazivisa) kwehusiku 5, kusvika Svondo manheru. Uye tichadzidzisa kubva muMagwaro, tichidzidzisa. Zvino, mudzidziso iyi, ichange isina chimwe chinhu kunze kweBhaibheri. Zvino, uyezve, uye mu—mumusangano zvino, ndinoda kunyatsojekesa chaizvo kuti, pakutanga zvino, kuti tichanyatsova nehwaro chaihwo. Ndinotenda kuti imi . . . Tinoda izvozvo kutanga, uye tichaona mitemo nezvitevedzwa, nezvose zvatinoita, kuitira kuti tisati tava nemunamato nekutanga shumiro.

5 Uye zvino ndiri kutarisira, kana Ishe vachitendera, kutaura manheru ano pamusoro pe*Chechi*, husiku 5 pamusoro pe: *Chechi*. Husiku hwekutanga, manheru ano, i*Israeri MuEgipita*. Uye mangwana manheru, Ishe vachitendera, iri *Kunze PaGungwa Dzvuku*. Uyezve husiku hunotevera, *Pamberi PeNyoka Yendarira*. Zvino manheru eMugovera, *PaKadheshi-barnea*. Uye pamanheru eSvondo, tinoda kuvaendesa mhiri, *MuNyika Yekwavo*. Uye zvose izvozvo zvidzidzo zveMagwaro. Zvino huyai neBhaibheri renyu, nekuti tiri kuzongoisa Rugwaro pamusoro peRugwaro.

6 Nhare dzakawanda dzanga dzichipinda, kuti ndinamatire vanorwara, nevamwe vakadaro. Asi ndaita sekugarira kure nazvo. Ndiri kuedza kuchengetedza pfungwa dzangu dziri padzidziso dzeBhaibheri chete. Uye zvino handizivi kuti Ishe vedu vachaitei. Takamirira kudanwa mhiri kwemakungwa, kuenda mhiri kwemakungwa. Ndafunga kuti ino yanga iri nguva yakaisvonaka. Pamwe kuzobva ipapo, pamwe Hama Neville vachange vonzwa zviri nani panguva iyoyo, vanogona kutangira kubva ipapo chaipo, zvichida, uye voenderera mberi nerumutsiriro urwu. Ndingade kurwuona rwuchienderera mberi kupinda muEsta. Uye ndinoda kuva nerubhabhatidzo rukuru pano mangwanani eEsta. Hazvingave zvakanaka here? Ichingova nguva yekuti boka guru revanhu ribhabhatidzwe. Ndinotenda kuti kune vamwe vechidiki pano vanoda kubhabhatidzwa.

7 Uye zvino ndichiri panyaya yevechidiki. Zvino, tine vaenzi vashoma. Ndinodaira kuti handizivi kuti ndiani anouya pano uye ndiani asingauyi. Handitongozivi chi. . . [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]

8 Chitsauko 12, kutanga, uye imi mune mapenzura nemapepa. Tine mamwe maBhaibheri, kana mumwe munhu achida kutevera mamwe Magwaro uye achida rimwe. Mumwe wevakuru achafara kukuunzira iko zvino, kana ukangosimudza ruoko rwako. Tine maBhaibheri 5 kana 6 pano. Mamwe acho anongova ari Testamende Itsva bedzi, hama, uye ndichava muTestamende Yekare kunyanya, manheru ano.

9 Mukunzvera Magwaro, ndakapomerwa mhosva, uye ndinoita zvekuisa mumifananidzo zvakanyanyisa. Zvinova kuti, *kuisa mumifananidzo* "kufananidzira Yekare neItsva." Ndichakuudzai kuti sei ndichidaro. Imhaka yeizvi.

10 Zvichida dzimwe nguva mashoko ma—makuru ayo vadzidzi nevamwe vakadaro vanoedza kupa Bhaibheri zvaRi—zvaRinoreva kana kuti mataurirwo acho. Ndakagutsikana nekutora King James kuve rangu. Rakapfuura nemumadutu kwenguva yakareba kupfuura chero dudziro ipi zvayo, uye ndinongoritenda saizvozvo.

11 Uye ndinotenda kuti Gwaro rose rinodzidzisa kuti Testamende Yekare yose yaive mumvuri wezvinhu zvaizouya. Naizvozvo, kana ndiri kuenda ndakananga kumadziro ayo, uye mumvuri wangu uripo pamberi pangu, uchazivisa chimwe chinhu chakafanana neni pandinosvikapo. Unozoratidza kuti ndiri mhuka ine makumbo 4 here, kana kuti yanga iri shiri, kana chero zvachiri, mumvuri unozvizivisa izvozvo.

12 Uye Testamende Yekare yaiva mumvuri kana mufananidzo weTestamende Itsva. Yose Testamende Yekare yainongedzera kuKarivhari. Ndinotenda, nebetsero yeMweya Mutsvene, kuti kubudikidza nemuma—mavhiki ari kuuya (kusvika riinhi,

handizive), asi ndinokwanisa kuratidza kubva. . . chitsauko chose cheTestamende Yekare chaitaura nezvaJesu Kristu, uye zvinhu zvose zvakazadzikiswa maAri. Uye isu, maAri, takatokwana. Mwari vakaita kuti zvive nyore kwazvo! Muna Kristu, takatokwana.

13 Zvino, munhu agara nguva dzose achiedza kuzviponesa, uye achiita zvinhu zvakasiyana-siyana kuti aponeswe nazvo, asi hazvina kumbobvira zvakadaro, muTestamende Itsva, nemabasa edu chero api zvawo, ndezve kuti "Wakaponeswa nenyasha, kubudikidza nekutenda." Ndicho chinhu choga chinogona kukuponesa, inyasha.

14 Zvino, ndava nemaoko akasimudzwa nguva shoma yapfuura, ndisingazive kuti ndivanaani nhengo dzepano pachechi, uye ndivanaani vasiri, kuti tione kuti zvinoenderana sei neChikristu. Uye zvinoita sekunge muri zvikamu 99 kubva muzana zveMakristu pano manheru ano. Uye ndinovimba kuti vamwe ndizvo zvavariwo zvino.

15 Zvino, *Bhuku raGenesi* ndiro chitsauko chembeu cheBhaibheri. Ndiwo mavambo acho. Izwi rekuti *Genesi* rinoreva "mavambo."

16 Uye zvino, mangwana manheru, tinofanirwa kupinda muna Eksodho, kuti titore vana. Uye izwi rekuti *Eksodho* rinobva pashoko rekuti—rekuti "kudanira kunze, kubuda kunze." Vana vaiva veIsraeri, vakabuditswa kunze. Pakubuda kwavo, vakabuda muEgipita, vachipinda munyika yechipikirwa yavakanga vapihwa naMwari.

17 Zvino, kuti tinzwisise zvakanaka mufananidzo wechechi yenguva iyoyo, nekuifananidza nanhasi; unofanira kudzokera mumbeu, kuti uiunze mukubuda, isati yakwanisa kuva nekubuda kwacho. Zvino imi. . . Kana kuti, kuipinza mu. . . paunogona kuona kuti chechi iri papi, uye kuti vakazogara sei muEgipita, zvino zvadaro unozoona kuti Mwari vakavadanira sei kunze. Uye zvakare mukati mevhiki rose, tichaenda takananga kuMagwaro saizvozvo. Uye manheru ano tinoda kushandisa Magwaro akawanda, kwazvo, kana Ishe vachitendera, pakudzidzisa.

18 Zvino, nzvimbo yekutanga tinoda kuona, kuti sei. . . Ichi ndicho chinhu chikurusa chandakaona pavanhu veChikristu pasi rose, kwanga kuri kutya. Vanogara vachitya. Uye kana kahurwere kakabata, vanotya. Vazhinji, hameno dzimwe nguva, uye zvino ndinemi mazviri. Asi zvino zvandiri kuedza kuita manheru ano, uye muvhiki rino riri kuuya, kuedza kudzinga kutya ikoko, neShoko raMwari.

19 Zvino, unogona kuzouya kwandiri uchiti, "Zvino, Hama Branham, ndinotenda *izvi*. Zvino, ndinotenda *izvo*."

20 Panongova nenzira imwe chete munyika inongoratidza. Zvino, handingambokwanisa kufamba nechiitiko chemumwewo

munhu, tsika yechechi yemumwewo munhu. Pane humbowo humwe chete hwechokwadi hwe. . .hwezvazviri zvese, ndiro Shoko raMwari. Zvino, kana Shoko raMwari rikataura chimwe chinhu, zvino ndinofanirwa kutenda kuti ichocho iChokwadi.

21 Munguva pfupi yapfuura paiva nemumwe mushumiri wechidiki akauya kwandiri akandiudza nezveimwe nyaya, ndokuti akainamatira. Zvino akati Ishe vakamuzarurira kuti yaive neimwe nzira. Zvino ndakamutarisa zvishoma, zvino ndakati, "Hama, zvakanaka chaizvo." Ndikati, "Ndi—ndinozviyemura Ishe vachikuitirai zvakadaro. Asi, regai ndikuudzei chimwe chinhu, chinopesana."

Akati, "Zvinoka, chiratidzo chacho chakabva kuna Mwari."

22 Ndikati, "Hazvaigona kudaro, hama, nokuti chaipesana neShoko."

23 Zvino, tinofanirwa kuyedza zvinhu zvose neMagwaro. Kwete izvo. . .Kana Zvichipesana nekutenda kwangu, asi zvakadaro Gwaro rinotaura kudaro, Gwaro ndere chokwadi uye ndiri kukanganisa. Maona? Magwaro akarurama nguva dzose. Uye nzira yoga yaunogona kuita chero chinhu, kudzoka kuMagwaro. Zvino, ichokwadi here? Zvino, ndi—ndinoda kukunzwai muchiti "ameni" kana muchiZvitenda, munoona. *Ameni* zvinoreva "ngazvive saizvozvo." Zvino, zvino hatigone. . .

24 Mumwe munhu aindibvunza rimwe zuva, zvino, kunyange nhasi uno, pamusoro pemumwe munhu akanga ari munhu aka—akabudirira pane chimwe chinhu chavakanga vachiita. Ndokuti, "Oo, Hama Bill, Ishe vanofanirwa kunge vari mazviri."

Ndikati, "Havagone kudaro."

"Oo," akati, "vari kuita kuti mweya iponeswe."

25 Ndikati, "Hazvigone kudaro. Nokuti, kana zviri izvo, zvinopesana neShoko raVo. Manjeka, Mwari havazombotaura chimwe chinhu uye vozotaura chimwewo chinhu. Vachangotaura chinhu chimwe chete nzira yose." Munoona, Mwari havagone kureva nhema. Mwari havakundike, Mashoko aVo haakundike. Kuti vave Mwari, Vanofanirwa kuva vanozvitongera, munoona. Uye Vakatodaro.

26 Uye zvino unoti, "Zvino, hamufunge here kana—kana Mwari vakaita chimwe chinhu pano, kunyangwe Shoko raVo richiti. . .?"

27 Ndikati, "Kwete. Bhaibheri rakati, 'Uyo anobvisa kana kuwedzera kune chinhu chipi zvacho chiri muBhuku iri, achabviswa kubva mu—muBhuku reHupenyu, nokuda kwake.'"

28 Saka, hecho chikonzero. Nguva dzose, kubudikidza nezvose, kwete nechiitiko, kana kwete nezvazvinoratidzika kuva, asi nezvakataurwa neShoko raMwari. Zvino, Testamende Itsva, Pauro akati, "Kunyange isu kana Ngirozi inobva Kudenga ikauya kuzodzidzisa chimwe chinhu kunze kwezvamakanzwa,"

ndiVaGaratia 1:8, kana muchida kuzvinyora pasi, "ngaave, kwamuri, akatukwa."

29 Zvino, naizvozvo, ngatidzokerei zvino uye titore mavambo uye tigoona kuti Shoko iri ndere chokwadi sei. Zvino isai izvi mundangariro. Uye patiri kukohorora nemuBhaibheri rino, muchaona kuti magiya evhiri raMwari anotenderera zvishoma nezvishoma asi achitotenderera. Zvingaita sekunge zviri kure nemamaira miriyoni, asi riri kutongotenderera kumusoro ikoko nguva dzose, uye rimwe remazuva ano richasvika pano, zvino, zvisinei kuti chii. Ingotora chero che . . .

30 Ndinoshuva kuti dai tanga tiine nguva zvino yekuva nedzidzo yeBhaibheri kwemwedzi 6 kana 8 pano, kutora Bhuku raGenesi uye torega kumbosiya Genesi. Uye ndinotenda, mukati memavhiki 3, 3 kana 4 ekunzvera muna Genesi, nekuona kuti nyaya yese zvayo yayo inofamba sei kudzika nemuBhaibheri, Shoko rese zvaro rayo. Zvino, ndava nemakore 2 ndichinzvera muna Genesi zvino, ini pachangu, uye ndichiri patemu yangu yechipiri mairi uye handisati ndatombosvika pahafu yaro zvakare. Handiti, atova, ndakatora mavhiki ndingori pamavhesi 2 kana 3. Uye unoona kuti mumbeu iyoyo . . .

31 Kana uchida kuziva kuti imhandoi yechirimwa chauchava nacho, kana kuti chii ichi chiri kukura mumunda, dzokera kunoona zviri mbeu yacho. Mbeu ichabereka chaizvo zvairi. Ichabereka zverudzi rwayo. Chibage chinobereka chibage; chaguduma, chaguduma; gorosi, gorosi. Chero zvairi, ichabereka chaizvo zvanga zviri mbeu yacho.

32 Uye mapoka ose aya anotenda zvakatsauka nezvekumukira, nezvinhu zvose izvi nezvitevedzwa nhasi, nenyasha dzaMwari, chimwe nechimwe, chakanyorwa muna Genesi, kwachakatangira kare ikoko, uye chakangowana rimwewo zita. Asi tarisai kushanda kwemweya muzuva iroro, uye motarisa kuti uri kushanda sei nhasi, uye muchaona kuti chinhu chimwe chetecho chaicho. Uye, shamwari, zvimwe zvacho zviri kutoshamisa! Unotoshamiswa kuziva kuti zvimwe zvacho zviri muzviyero zvepamusoro-soro zvezvinamato.

33 Zvino, chingotarisai mweya iwoyo, kuti wakasimuka sei kumashure uko muna Kaini, kuti wakadzika sei nemuna Hamu, uchibuda uchipinda nemuna Nimirodhi, uchipinda muBhabhironi; ukabuda muBhabhironi, ndokuuya uchidzika kupinda mumazuva ekuuya kwaJesu. Vadzidzisi, vadzidzi veBhaibheri, uye vakatadza kucherechedza Ishe Jesu Kristu. Zvino hapo pavaive vakamira ipapo, vadzidzi vakakwenenzverwa, varume vatsvene, vakarurama, vachiziva Shoko, vara rega-rega raRo, uye kuti Raive papi uye kuti Raiva rakanyorwa sei, vakaRiziva nemusoro, seri nekuseri, mupumburu wese nezvose, akatoberekerwa mune rimwe dzinza revarume, kana huprisita, kuti vave, kana kuti—kana

kuti rudzi, kuti azova muprisita. Vadzidzi vakakwenenzverwa, vadzidzi vepaseminari nhasi uno vanenge vakatosara kumashure zvichienzaniswa nemumwe wavo, asi, zvakadaro, vakatadza kuziva Jesu. Zvino Jesu paakauya, vaive varume vatsvene, uye Jesu akati, "Muri vababa venyu, dhiyabhore." Akati, "Munokanganisa, nokusaziva simba raMwari, kana Shoko raMwari." Ungafungidzire here Ishe Jesu Kristu vachidana mudzidzi mutsvene, akarurama, weBhaibheri kuti, "dhimoni"? Asi Akadaro. Uye zvino kana mukadzokera kumashure, muchaona kuti zvakabva kupi.

34 Uye, tarisai, zviri kunyatsofamba kunze nhasi nesimba rinotyisa. Oo, zvakakufanirai, hama yangu, hanzvadzi, kuti mugoongorora zvamuri kuteerera kwazviri, uye musambofa makatarisira pasi simba raSatani rekunyengera. Musambomutarisira henyu pasi. Anoyevedza chaizvo. Uye mweya waantikristu haisi Communism. Kwete. Mweya waantikristu uri pedyo zvakanyanya nechinhu chemazvirokwazvo kusvikira unotonyengera Vasanangurwa chaivo dai zvaigoneka. Jesu akataura kudaro, Mateo 24. Mweya wekunamata. Oo, handiti, Kaini naAbheri vaiva mukoma nemunin'ina. Gunguwo nenjiva zvakagara pabazi rimwe chete. Esau naJakobho vaiva mukoma nemunin'ina. Judhasi naJesu vakanga vari muchechi imwe chete, Mumwe muparidzi nemumwe wacho mubati wehomwe. Munoona ipapo, nguva dzose kungonyengera. Nhema idzo Kaini . . . idzo Satani akaudza Evha, dzaive zvikamu 90 kubva muzana zveChokwadi, zvikamu 90 kubva muzana zveChokwadi. Uye nhema dzaunogona kutaura! Ndakanzwa vanhu vachinyenyeredza chaizvo zvimwe zvikamu muMagwaro, kuti vangorega . . . Zvinokanganisa dzidziso dzavo dzebhaibheri. Maona? Asi kana—kana—kana chikamu *ichi* chakanaka, chikamu *icho* chakanakawo! Ngatizviisei pamwe chete uye tozviita kuti zvikwane nemuBhaibheri rose. Zvino, pamavambo apo Mwari . . .

35 Hatisi kuzowana nguva mune izvi, yekudzokera ikoko, asi tichatangira kumusoro kuno pakutanga kwechechi. Uye ndipo apo Mwari . . . Zvino, izwi rekuti *chechi* rinoreva kuti "vakadanirwa kunze, vanhu vakadanirwa kunze." Uye ndinotenda kuti, mumasangano ese ari pasi pedenga nhasi, panotova nevamwe vanhu vakanaka mune rimwe nerimwe rawo. Uye ndinotenda kuti kana Jesu achinge auya, richange riri boka rakadanirwa kunze. Uye ndinotenda kuti tiri kure kwazvo neKuuya kwaShe, sekuona kunoita chechi, zvinhano zvedu hazvisi muzvinhano zvekuuya kwaShe. Hatikwanise kuva nekutenda kwekupodza kwaMwari, ko kuzoti kwekubvutwa. Panofanira kuva nechimwe chinhu chinoitika.

36 Handiti, kana mumwe munhu akataura nezveKubvutwa, vanoti, "Uri kutaura nezvei?" Vamwe vevanhu, nhengo

dzechechi. Kutaura pamusoro pekupodza kwaMwari, “Handitendi mune zvakadaro.” Havagoni kuona. Vanoti, “Zvinoka, ndinotenda kuti vakavadzungaidza pfungwa.” Zvinoka, ko munhu iyeye angapinda sei muKubvutwa? Angamuka sei kubva kuvakafa kana pasina chekumuka kubva kwachiri? Hapana chiripo ipapo chekumumutsa.

37 Kunongova kutenda kwekunyepera, kwekushandisa pfungwa. Paunoti, “Ndinotenda kuti Jesu Kristu ndiye Mwanakomana waMwari,” zvakanaka, asi, hama, kana izvozvo zvisiri kubva pamoyo, handiti, ndezvepfungwa chete. Uye hazvigoni kubva mumwoyo kusvikira Mweya Mutsvene wazvipupurira. Jesu akati hakuna munhu . . . Kana kuti, Bhaibheri rakati, “Hakuna munhu anogona kuti Jesu ndiye Kristu, kunze bedzi neMweya Mutsvene.” Uye haugone kuzvitaura iwe pachako, Mweya Mutsvene ndiwo unototofanira kuzvitaura kubva mauri. Tarisai apo Jesu . . .

38 Petro paakapupura nezvaKe, akati, “Ndimi Kristu, Mwanakomana waMwari mupenyu.” Akati, “Wakaropafadzwa iwe, Simoni Bar-jona, nekuti nyama neropa hazvina kuzarura izvi kwauri, asi Baba vaNgu vari Kudenga. Uye Ndinoti, ndiwe Petro, uye pamusoro pedombo iri Ndichavaka Chechi yaNgu, uye masuwo egehena haangaIkurire.” Handizvo here? Saka, munoona patiri.

39 Zvino nyaya hombe, zvino tava kutanga. Pakutanga, Mwari vachidana zvino vakadanira vanhu vaVo kunze.

40 Ndiri kutaura zvine ruzha rwakawandisa here, Hama Cox, kana kuti handisi kunyatsonzwika? Ruzha rwakati nyanyei, ndine hurombo ini . . . Chinhu ichi chine inzwi risina kunaka, uye ndanga ndajaira mahoro makuru ekare nemaodhitoriyamu, nenzvimbo dzepanze nezvimwe, zvino ndinofunga ndinonyanyisa kudaidzira. Handireveri kunge ndichishevedzeresa kwamuri.

41 Zvino muna Genesi, chitsauko 12, tichitanga nepedu pekutangira, manheru ano.

> *Zvino* JEHOVHA wakanga ati *kuna Abrama, Ibva* mu*nyika yako, nokuhama dzako, nokuimba yababa vako, uende kunyika yandichakuratidza:*
>
> Uye *ndichakuita rudzi rukuru,* uye ndicharopafadza avo vanokuropafadza, uye ndichakudza *zita rako;* uye *iwe* uchava ropafadzo:
>
> Uye *ndicharopafadza* avo *vanokuropafadza,* uye ndichatuka uyo *anokutuka*: uye *mauri marudzi ose enyika acharopafadzwa.*

42 Abrahama, achibva kuBhabhironi, nababa vake, zasi kuShinari, shi—Shinari, mu—mupata weShinari, uko mweya yavazhinji yakaenda mushure mekuparadzwa kweBhabhironi,

kana kuti nyonganyonga yakaitika. Baba vaAbrahama, mubereki, vakaunza Abrahama nevadikanwi vake zasi kuShinari. Zvino nyika yose iyoyo, pakati pevanhu vose ivavo, Mwari vakawanirwa nyasha nemumwe chete, munhu mumwe chete akawanirwa nyasha naMwari, waro.

43 Zvino ndinoda kuti mucherechedze, ndiwo mavambo eChikristu, chechechi. Uye ndinoda kuti mucherechedze, zvakanga zvisiri nekuti Abrahama aiva munhu akanaka; zvaive nekuti Mwari vakasanangura ndokusarudza Abrahama. Akanga asiri Abrahama achisarudza Mwari; vakanga vari Mwari vachisarudza Abrahama. Muri kuzviona here? Uye zvino tarisai. Zvino, sezvazvaiva kareko, ndizvo zvazviri nhasi. Hausi iwe uchisarudza Mwari; ndiMwari vachikusarudza.

44 Zvino, izvi zvinogona kunge zvakasimba kwazvo, uye ndinoda kuti mucherechedze. Pakarepo chaipo mushure mesarudzo, sananguro, kwave kutopatsanurwa kubva pane zvimwe zvose, paVanongodana chete. Vanosanangura, vanodana. Zvino paVanodana, Vanokupatsanura kubva kune zvinhu zvose zvinorembera pauri. Zvinoratidza kuti harisi sangano. Havasi vanhu 2 kana 3 vari pamwe chete. Vanotarisira munhu wese sedungamunhu! Ameni. Inyaya yedungamunhu kumunhu wese.

45 Hazvisi nekuti amai vangu apo vakaponeswa, kuti ndakaponeswa. Imhaka yekuti Mwari vakandisarudza, muna Kristu. Ndinoda kuti muzvione. Kwete iwe uchizvisarudza; kwete sarudzo yako iwe, kuti wakanamata zvakadini, pawakatangidza patsva. Wakanga usina chekuita nazvo. Mwari! Oo, ini zvangu, kana uchinge wazoona kuti Chokwadi ndechipi! Unoti, "Munoreva kuti—kuti ini—ini handina kutendeukira kunaShe?" Kwete, changamire. Wakanga usina nzira yacho zvachose yokutendeukira kunaShe. Hunhu hwako hwese, magadzirirwo ako ose aipesana naMwari. Mwari vakakudana. Zvagara zvakadaro.

46 Mubindu reEdheni munhu paakatadza, kutanga, tarisai hunhu hwemutadzi, kuhwanda. Asi aifanira kunge ari Adhamu achidana Mwari; aitova Adhamu akahwanda, uye Mwari vachidana Adhamu. Muri kuzviona here? Ndihwo hunhu hwemutadzi, kuhwanda, kutiza, kuhwanda seri kwechimwe chinhu. Asi, Mwari vachidana! Oo, ini zvangu. Nyasha, nyasha dzinoshamisa, Mwari vachidana.

Uye zvino cherechedzai, unoti, "Oo, vakanga vari Adhamu naEvha."

47 Zvagara nguva dzose, muBhaibheri, zviri zvimwe chetezvo. Jesu akati, "Hapana munhu anogona kuuya kwaNdiri kunze kwekunge Baba vaNgu vamukweva." Ndizvo here? Zvino, ndiro Shoko iroro. Uye ndiyo nzira yatinozvida nayo, Shoko, zvino unobva waziva pawakamira.

48 Vangani vari muno vane. . .vari Makristu manheru ano, vanoziva kuti muri Makristu, pane chimwe chinhu mauri chinoti uri Mukristu? Ehe. Zvakanaka. Maona? Handiti, munofanira kunge muri vanhu vanofara kupfuura vose pasi rose. Unofanirwa kungozvitenda izvozvo. Ini zvangu, zviri nyore, tora Shoko raMwari pazviri!

49 Zvino, usati wagona kuva Mukristu, Mwari vakakudana. Kwete iwe uchidana Mwari; Mwari ndivo vakakudana. Zvino, Vakadana Abrahama, uye ndiye baba vedu tose, kutenda. Cherechedzai zvino, Vakati, "Abrahama!"

50 Zvino, kusanangura. Ndinoda kubata pakusanangura ikoko, zvakasimba, nokuti iChokwadi. Zvino, hauna—hauna kuva Mukristu zvokungova hawo ari masanga, nokuti, wakave Mukristu usati wava munyika ino. Usati wazvarwa, Mwari vakakugadza kuti uve Mukristu, kubva mubindu reEdheni, kubva nyika isati yavambwa. "Oo," unoti, "ndizvo here, hama?" IChokwadi ichocho. Mwari. . .pasati pambova kana nechinhu chawaiziva.

51 Paiva nenguva yawaiziva, pfungwa yako—yako yakadzimaidzwa kwazviri izvozvo zvino. Panongova neMunhu mumwe chete panyika aiziva kuti Aivako kumashure, zvino ndiJesu. Akati, "Ndibwinyisei, Baba, nekubwinya kwaNdaiva nako neMi nyika isati yavambwa." Akanga ari Mwari munyama, Aikwanisa kufamba achidzokerako nekuziva zvazvaiva. Asi pfungwa dzedu dzakadzimaidzwa ipapo.

52 Asi takagadzwa, takafanotemerwa. Munoziva kuti *kufanotemera* zvinorevei? "Magumo echinhu chose hacho, akafanoonekwa naMwari." Ameni. Hausi mukaka wevana zvino. Cherechedzai. Ndinotenda kuti zvakukatyamadzai. Zviri nani tiendeko kwechinguvana. Vhurai pamwe neni kuna VaEfeso, chitsauko 1, uye ngativerengei zvishoma, nokuti ndinotya kuti muri—muri kuzvipotsa, uye muchifunga kuti—kuti ndiri kungozvitaurawo izvozvo. Handisi. Nyatsotererai zvino. Tichadzika kuChechi munguva shoma, kana mushure mechinguvana. Zvino, Pauro ari kutaura, achitaura, VaEfeso 1, akanyatsonangangana chaizvo, nechechi. Ndizvo zvatiri kuita manheru ano. Izvi hazvisi zvevacheche. Izvi ndezvevanhu vakura, kwete zvevacheche.

53 Vana vadiki, ndine mwana mudiki kumashure uko achangobva kudzidzira kufamba. Aimboti "dzadzari" owira pasi, osimuka zvakare, zvino aifunga kuti ari kuita chimwe chinhu chikuru. Ndaive ndakadarowo rimwe zuva; asi zvino ndava murume, ndakasiya zvinhu zvehumwana.

54 Zvino tinofanirwa kusvika kuDzidziso yakazara. Ndinofarira misangano yakanaka yekudanidzira, patinongoombera maoko edu, kana kudanidzira uye tova nenguva yakanaka, tova neshumiro huru dzine simba nezvimwe,

totamba chaizvo takasununguka, tingati. Asi, mirai, zvino kana nguva yemangange yasvika, hauzive pawakamira. Ngatidzokerei tinoona. Ngationei kuti chii chiri kutiita kuti tidaro. Ngatidzokerei kumavambo, tione patiri.

> *Pauro, muapostora waJesu Kristu nokuda kwaMwari*. . .(Ndinongozvida izvozvo). . .Hapana seminari yakandituma; *kuda kwaMwari,* kune avo *vari paEfeso,*. . .(Zvino tarisai, waari kuzvitaurira). . .*kune vakatendeka muna* Jesu Kristu:

55 Tarisai, achizvitaurira kuna ani? Kwete kumutadzi, kwete kuvacheche, asi kune avo vakura.

> *Pauro, muapostori waJesu Kristu nokuda kwaMwari,*. . .

> Tarisai, *nyasha ngadzive nemi, norugare, runobva kuna Mwari Baba,* uye kubva kuna *Ishe Jesu Kristu.*

> Ngaarumbidzwe *Mwari naBaba vaIshe wedu Jesu Kristu, akatiropafadza nokuropafadza kwose kwomweya* munzvimbo dzokumatenga *muna Kristu Jesu:*

56 Oo, ini zvangu! Muri kuona here kuti ari kuzvitaurira ani? Kwete boka revacheche. Kuvanhu vagere munzvimbo dzeKumatenga, uye vakaropafadzwa. Zvino akati, "Munoziva chimwe chinhu, makadzidziswa, uye makaponeswa, uye ndinoda kukuudzai zvazviri chaizvo." Oo, ndinozvifarira izvozvo, hamudarowo here? "Ndinoda kuisa tsoka dzenyu kumusoro Kumatenga kwechinguvana, pane kuti munge makabatwa pasi pano." Akati, "Zvino ndinoda kukuudzai kuti sei. Ndinoda kukupai zvishoma, kaku—kakusimudzirwa, karumutsiriro, kakutekenyedzwa." Ameni. Ndinofarira kutekenyedzwa, kunoita sekukuvaka, kunyanya paunoziva paunokwanisa kuti iZVANZI NAJEHOVHA! "Zvino ndinoda kutaura nemi," akati, "imi muri munzvimbo dzeKumatenga muna Kristu Jesu, makaropafadzwa pamwe chete nemaropafadzo ose epamweya, zvipo zvaMwari zvichiratidzwa, kupodza kwaMwari, zviporofita, zvese zvichiitika. Zvino mava vanhu vakuru, ndinoda kutaura nemi. Ndiri kutaura izvi kwamuri." Zvino tarisai, "Maringe. . . " Ameni. Zvino hezvinoika izvi. Ndinovimba chaizvo. . .Ndichazvirega zvichinyatsosinina, zvakanaka chaizvo, nekuti zvichaita zvakanaka, zvichida zvichapinda mumapfupa.

> *Sezvaakati*sarudza *maari*. . .

57 Ndiani akadaro? "Ndakazvinzwa ndokubva ndauya"? Kwete, kwete, hauna zvachose. "Iye akasarudza, aka (inguva yakapfuura iyi), akatisarudza (Chechi) maAri." Kare zvakadini, nhai Pauro? Vhiki rapfuura, kana kuti pamakava nerumutsiriro? Kwete.

*. . .nyika isati yavambwa, . . .*

58 Zvino unogona kutasva pagore, munoona. Akaitei? “Akatisarudza maAri (Kristu) nyika isati yavambwa.”

59 Ndinoshuva kuti dai tanga tiine nguva shoma yekuenda kuna Jobho 7:37, uye toona apo paakati, “Waivepiko paNdakaisa nheyo dzenyika? Ndisati ndaisa nheyo dzenyika! Ndiudze kuti dzakasungiririrwa papi. Kana kuti, wakange uripi nyeredzi dzamangwanani padzaiimba pamwe chete uye vanakomana vaMwari vaidanidzira nomufaro?” Vachiudza Jobho, “Zvisunge nebhanire, semurume, ndinoda kutaura newe.”

60 Zvino Pauro anoti, “Akatisarudza maAri, Chechi, nyika isati yavambwa.” Zvino tarisai.

*. . .kuti tive vatsvene . . .*

61 Kwete hutsvene hwedu isu. “Saka,” unoti, “munotenda here muhutsvene, Hama Branham?” Chokwadi. Kwete hwangu ini; mune hwaVo. Hutsvene hwangu hausi chinhu; hwaVo ndihwo hwakakwana.

62 Saka, unoti zvino, “Munotenda here kuti unogona hako kunwa kana . . .?” Kwete, handina kumbotaura kudaro. Tarisai, tsanga yegorosi inogona chete kubereka gorosi, haikwanise kubereka chaguduma. Hapana chishuwo mairi, hamuna hupenyu mairi kuti ibereke chaguduma nahwo. Uye kana tiri muna Kristu Jesu . . .

63 Musanyengedzwa, zviri nani munyatsozvinzvera nepedyo zvino. Munoona, kana ukaramba uchiti, “Asika, ini—ini hazvindipomere kuita *izvi*, uye hazvindipomere kuita *izvo*,” zvinhu zvemunyika. Zvino ndi—ndichambokurwadzisai zvishoma, kupuruzira minhenga nerimwe divi racho. Asi ichocho chiratidzo chimwe chete chechokwadi, hauna kumbobvira wakasvika kuna Kristu. Hauna kumboberekwa patsva.

64 “Uyo anoda nyika kana zvinhu zvenyika, rudo rwaMwari harwusi maari zvachose.”

65 Zvino, kana ukangorega kuzviita nokuti unoziva kuti ndizvo zvaunofanira kuita, uye worega kuita *izvi*, ichocho chiratidzo chekuti hauna kana kwawasvika nazvino. Kana chinhu ichocho chafa, mauri, uye hunhu hwacho hwaenda, pane mumwe Munhu imomo uye Anogona bedzi kubereka . . . Mweya Mutsvene waiva muna Kristu, uri mauri, unobereka Hupenyu hwakafanana naKristu. Hapana chaunoita; ndeizvo zvaAkaita. Akasarudza izvozvo nyika isati yavambwa.

66 Mumwe munhu akati, “Zvinoka, ndinoziva kuti ndakaponeswa, nokuti ndakarega kuputa.”

67 Handizvo zvakaita kuti ndiponeswe, handizvo zvakaita kuti uponeswe. Wakaponeswa nekuti Mwari vakakusarudza nyika isati yavambwa, kuti uponeswe. Ndiyo dzidziso yeMagwaro

iyoyo. Ameni. Zvino, munoona, tinotanga kuona kuti hatisi isu. Ndivo, munoona, Vakatisarudza.

68 Abrahama aisakwanisa kuti, "Zvino, Mwari ngavarumbidzwe, ndakauya kubva kushongwe yeBhabhironi. Hareruya! Ndosaka ndakaponeswa." Vangadai vakaponesa boka rose zvino, kana chiri icho chikonzero chavakazviitira. Munoona, haVana kudaro.

69 Vakasanangura Abrahama. Uye ndiwo akava mavambo chaiwo eruponeso rwedu rwakapiwa kumunhu, paVakamudana, uye vakamusanagura, ndokufanomutemera, nekumupa vimbiso, uye vakaita sungano naAbrahama neMbeu yake, nokusingaperi. Zvino tinogona kuenda mberi pano toverenga chitsauko chizere mazviri, asi hatina nguva yacho. Zvino, Mwari vakadana. Tarisai, paVakadana Abrahama pano, Vakamudana nekusanangura. Kwete nekuti *iye* aiva; nekuti *Mwari* vaiva. Zvino Vakamudana kubva kuvanhu vake, ndokumuropafadza, vakamuudza kuti "Ndiri kuzokuponesa." Uye zasi kuno, Vanoti, "Uye uchauya kwaNdiri muzera rakanyatsonaka rekukwegura." Asati aita chero chinhu kuti azvikodzere, Mwari vakamusarudza, vakamuudza. "Uye kwete iwe woga, asi Mbeu yako inouya shure kwako." Oo, ini zvangu! Cherechedzai. "Zvino iye akadzokera..." Vhesi 8. Zvino ngativerengei zasi kuno mberi zvishoma pane chimwe chinhu ichi.

> *Naizvozvo* Abrahama *wakaenda, sezvaakaudzwa naJEHOVHA; naRoti wakaenda naye:* zvino *Abrama wakanga ana makore* 75 ekuberekwa paakabva mu*Harani*.
>
> Zvino *Abrama akatora Sarai mudzimai wake, naRoti mwanakomana womunin'ina wake, nepfuma yavo yose*...

70 Zvino tarisai, ipapo akaita chaizvo zvaakaudzwa naMwari kuti asaite, akatora Roti mwanakomana wemunin'ina wake, uye Abrahama akatora baba vake. Asi haVana kumbomuudza kuti atore baba vake, asi akavatora, zvakadaro. Zvino chero ani zvake anoverenga Bhaibheri, zviverengei muna Genesi mangwana kana muine nguva. Cherechedzai kuti yakava nhunzi mumafuta, kusvikira mutana uyu afa. Akanga ari chidziviso nzira yose zvayo, naRotiwo zvakare. Mwari vakadana Abrahama, kwete Roti. Vakadana Abrahama, kwete baba vake.

71 Zvinoka, unoti, "Ko Sara?" Murume nemudzimai wake vamwe chete. VaEfeso, "Inyama imwe chete," Bhaibheri rakataura kudaro. Zvakanaka.

72 Asi Vakadana Abrahama uye vakamukumbira, ndokumuudza kuti azvipatsanure kubva kune zvose zvaaiva nazvo, uye kuti auye kunyika yaasingazive.

73 Tarisai, kupatsanurwa! Kuenda munyika yevatorwa yausina chaunoziva nezvayo, ndicho Chikristu ichocho. Kupatsanuka

kubva kuzvinhu zvemunyika, nekuti Mwari vakakudana. Uchienda kune imwe nyika, kunogara pakati pevanhu vausina chaunoziva nezvavo, kuti uve mufambi. Ameni. Pandinofunga nezvazvo, handitongokwanise kuzvidzikamisa. Mufambi! Mutorwa!

74 Mutana Jakobho, pakufa, akamira pamberi paFarao, akati, "Ndava nemakore *akawanda kudai* murwendo rwangu." Ameni. Aiva chii? Akatanga kubengenuka kune zvaaiva. Muchinda muduku uyu akanga aita zvakaipa kwazvo. Aiziva kuti aingovewo mufambi pano. Zvino cherechedzai.

75 Tinodzika kusvika pavhesi 8, uye Mwari vanovimbisa Abrahama pano kuti Vachamuponesa sei neMbeu yake yaizomutevera. Zvino, Vakaita sungano, isina zviga. Hakusi kuti chaizvo Vakazviita nekuda kwekuti aive—kuti aive Abrahama. Havana kuti, "Zvino, Abrahama, kana ukaita *izvi*, kana ukaita *izvo*." Vakati, "Abrahama, ndakatozviita kare. Hachisi chinhu chaunofanirwa kuita iwe. Ndakazviita, pachaNgu!" Ameni. Oo, ini zvangu, pandinofunga nezvazvo! Mwari vakazviita, pachaVo, pasina zviga. Sungano yaMwari haina zviga!

76 Unoti, "Zvino, hama, ndakarega kudya nyama. Handiite *izvi*. Ini. . . " Hama, izvozvo hazvinei kana nechekuita nazvo. Hazvisi zvokuti unodya nyama here kana kuti haudye nyama, kana kuchengeta mazuva eSabata kana mwedzi mitsva, kana kuti unoenda here kuSunday school musi weSvondo, kana kuti zviri *ichi*. Wakaponeswa, pasina zviga!

77 Zvino unoti, "Hama Branham, saka kana ndakaponeswa, mbiri kuna Mwari, ndinokwanisa kuita zvandinoda." Hongu, changamire. Uye kana wakaponeswa, hama, hauna kana chishuwo chechinhu chipi zvacho chemunyika. Uye moyo wako wese wakatarisana naIzvozvo, haugone kugarira kure naZvo. Asi chero bedzi paine kudhonza ipapo, unoziva kuti nazvino pane chisina kumira zvakanaka.

78 Zvino, kusanangurwa, Mwari vakadana Abrahama, vakamuudza kuti Vaizomuponesa, pasina zviga.

79 Zvino ngatiendei neche pano mushure mekunge vimbiso yazosvika gare-gare. Ndinoda kuti muende kuna Genesi 15:7 pamwe neni, pano kwechinguvana, uye ngativerengei pano kwechinguvana. Horaiti.

> Zvino Jehovha *akati kwaari, Ndini* J*EHOVHA* *wakakubudisa* kubva mu*Uri* ye. . . *Kardia, kuti ndikupe nyika iyi ive nhaka yako.*
>
> Zvino *akati, Ishe* MWARI, *ndichaziva seiko kuti ichava nhaka yangu?*

80 Zvino, Abrahama, mushure mekubuda munyika, yevaKardia, nyika yacho, guta reUri yevaKardia, nyika yeShinari, akapatsanurwa, akabuda. Tarisai izvozvo,

sezvakangoita Makristu nhasi, vachiri kungodzengerera. Tarisai.

> Zvino *akati kwaari, Nditorere tsiru rina makore 3, nesheche yembudzi ina makore 3, negondohwe rina makore 3, nenjiva,* nehangaiwa diki.

81 Zvino, mangwana ndinoda kuti muenderere mberi muchizviverenga, kana muri kuzvinyora pasi, muchidzika nayo. Ndichangoitaura, nekuda kwenguva, nzvimbo, nekuti handidi kukuchengetai kwenguva yakarebesa. Ndinoda kuti mudzoke mangwana manheru, kuti tipinde chaimo mune izvi. Tiri kungoisa hwa—hwaro manheru ano, nheyo bedzi. Maona?

82 Zvino akatora izvi, tsiru, mbudzi hadzi, negondohwe, ne 2. . . njiva nehangaiwa, uye akapatsanura gondohwe netsiru, nezvimwe zvakadaro, ndokuzviyanika kunze. Akaisa njiva imomo, uye asina. . . asina kuipatsanura. Uye akadzinga shiri kubva pazviri kusvika zuva ranyura. Zvino Mwari vakaburuka pana Abrahama, kuzosimbisa sungano iyoyo, vakadzika, vakati, "Zvino, Abrahama, zvino Ndichakuratidza zvaNdichaita." Zvino iVo . . .

83 Uye munoziva, vazhinji venyu imi vanhu vanga vari muno muchechi, makore apfuura, ndakadzidzisa chinhu chimwe chetecho. Hongu. Hongu, changamire. Kareko muna 1949 ndaizvidzidzisa. Zvakanaka, anga akazvinyora muBhaibheri rake.

84 Honai! Zvino Vakadzika vakaratidza kuna Abrahama zvaVakanga vari kuzoita. Kutanga, Vakararisa Abrahama, "Zvino, Abrahama, haunei nechekuita nazvo."

85 Zvino, kunewe uri kuedza kuzviponesa. Ndakanzwisisa kuti muchechi, mutabhenakeri, mushure mekugara pasi peDzidziso iyoyo, kuti vanhu vazhinji vakasiya tabhenakeri, vakaenda kumapoka anotenda zvakatsauka nezvimwewo zvakadaro, ku—kutenda mhando dzose dzezvinhu zvose zviripo kuti zvitendwe. Ndokumira, vamwe vavo vakarega kudya nyama, uye vamwe vavo vakachengeta mazuva avo eSabata nemwedzi mitsva, uye ini handi. . . Ndinodaira kuti vakaita zvibayiro, nezvimwe zvese, mushure mekuramba chaizvo kugamuchira Shoko raMwari. Zvinoratidza zvazvaive mukati umu. Pauro akati, "Vakabuda nekuti vaive vasiri vedu." Munoona, ndizvozvo. Munoona, ichokwadi. Mweya Mutsvene uchabata paShoko raMwari. Zvinhu izvozvo, pamangange, zvicharatidzwa kuti zvakatsveyama.

86 Zvino, Vakati, "Abrahama." Vakamukotsirisa, vakati, "Ndichakuratidza kuti Ndichazviita sei, kuti Ndichachengeta sei sungano yaNgu." Uye Vakatora mhuka idzodzo, zvino tarisai, Abrahama paakakotsira, achiratidza kuti rufu rwunofanira kuuya kuzvisikwa zvose. Zvino pamberi kwake kwakaonekwa vira rinopfuta; zvino vira rinopfuta raimiririra gehena, kuti

mutadzi wese anokodzera kuenda kugehena. Uye zvakare mberi kwaizvozvo, nechibairo pachikomo, pakabuda kaChiedza kachena, kakapinda pakati pechimwe nechimwe chezvidimbu izvozvo zvechibayiro. Sungano!

87 Kana mukacherechedza, pane nzira dzakawanda dzakaitwa nadzo sungano nevanhu, nguva zhinji. Isu nhasi, tinoita sei sungano yedu? Tinoti, "Ndigwinhe, ndibate chishanu." Kubvumirana ikoko. Ndiyo sungano yedu, handizvo here? Mumazuva ekare, vaisiti ma-. . .MuChina, munoziva kuti vanoita sei sungano yavo? Vanomwayana munyu. Ndiyo sungano muChina. Munoona, uye vanoita sungano dzakasiyana-siyana, tsika dzevanhu vakasiyana-siyana.

88 Asi tsika yekumabvazuva yaive yekuuraya mhuka, momira pakati pemhuka iyi, mobva matonyora pasi. Kuno uku munozviwana, muna Revhitiko, uye vanonyora pano chibvumirano chavo. Zvino chibvumirano ichocho chinotsemurwa nepakati, pamusoro pemhuka yakafa iyi. Uye vanotora mhiko pamusoro pemhuka yakafa, kuti, kana vakatyora sungano iyi, mutumbi wavo ngauve semhuka yakafa iyi. Uye vanopana mumwe nemumwe chidimbu. Zvino vobva vaenda havo. Zvino pavanodzoka, zvidimbu 2 izvozvo zvinofanira kunyatsopfekerana chaizvo zvidimbu zvimwe chete. Zvakanaka chaizvo!

89 Mwari vachiita sungano, vachiratidza, vachifanoratidza kuti "Ndakapika kuti Ndichazviita, muMbeu yako Ndicharopafadza marudzi ose enyika." Zviverengei. "Ndicharopafadza Marudzi, ndicharopafadza munhu mutema, munhu weyero, munhu muchena. Ndicharopafadza munhu wose kubudikidza neMbeu yako, nokuti kubva mauri kuchauya madzimambo nemachinda."

"Muchazviita sei, Ishe?"

"Ndichakuratidza kuti sei."

90 Zvino Vakamuratidza padivi rechikomo, apo zvidimbu izvozvo zvaimiririra. Uye chero mudzidzi weBhaibheri pano anoziva kuti imwe neimwe yadzo yaive mhuka yakachena yaimiririra Chibayiro chaJesu Kristu. Ndiye aiva Gondohwe. Ndiye aiva Tsiru raigadzira mvura dzokupatsanura pavaive nemvura dzokupatsanura. Zvino tine kushambwa nemvura, neShoko rinopatsanura kubva kuchivi, kubudikidza neShoko, kubudikidza nekutenda. Uye Hangaiwa neNjiva, zvaiva kupodza kwaMwari, zvose izvozvo muna Kristu! Ameni.

91 Ipapo Mwari vakaratidza Abrama zvaVakanga vari kuzoita, kuti kubudikidza neMbeu yaIsaka Vaizounza Mwanakomana waVo akaberekwa ari oga, Kristu, uye akaurayiwa mhiriko pakati pematenga nenyika, zuva parakadzima, rima pamusoro penyika, zvino ipapo VakaMutsemura nepakati. Mwari vakabuditsa Mweya waKe kubva maAri, uye Vakanyora sungano nemhuri dzepanyika. Apo Ropa riya rakakosha risina

kusvibiswa raMwari Samasimba, rakadonha kubva muTsinga dzaEmanueri, Vakabvarura Mweya iwoyo kubva maAri. Akati, “Mwari waNgu, Mwari waNgu, MaNdisiyireiko?” Chiso chake chakazara nemate ekunyomba, korona yekunyomba kune hutsinye yakapfekedzerwa pahuma paKe, zvipikiri zvaKe zvakaroverwa, zvaive zvipikiri zvechiRoma, musana waKe wakatsemuka kusvika mbabvu dzaKe dzaitooneka, akarembera pamuchinjikwa, achidanidzira, achifa rufu rwemutadzi, chivi chenyika chiri paAri. Zvino ipapo Mwari vakabvarura mativi aKe, vakabvarura Mweya waKe kubva maAri, paAkati, “Mumaoko eNyu Ndinokumikidza Mweya waNgu,” zvino Akakotamisa musoro waKe. Nyika ndokuzunguzika ikabuditsa matombo ayo. Hoyoka Uyo, heyo sungano yaMwari! Hezvoka kuzadzikiswa kwayo.

Matombo nepakati achitsemuka nematenga achisviba
Muponesi wangu akakotamisa musoro waKe ndokufa,
Chidzitiro chakavhurika chakazarura Nzira
Kumufaro weDenga nezuva risina magumo.

92 Oo Karivhari, Oo Karivhari, Jesu akajuja ropa ndokundifira! Zvino Vakabvarura Mweya weMwanakomana waVo pachaVo, vakapatsanura sungano, uye Vakakandira mutumbi wacho muvhu. Wakarara ipapo kwemazuva 3 nehusiku. Wakamuka! “Nokuti hazvaikwanisika kuti Mutsvene waNgu Amene aone kuora, uye haNdingasiyi Mweya waKe mugehena.” Zvino Munhu waKe wemukati waive Mweya waKe wakadzika mugehena. Zvino Akamuka pasi, Mwari vakazviita, ndokutora mutumbi waKe vakaMupa hupenyu, ndokutora mutumbi waJesu vakauisa kuruoko rwaVo rwekurudyi muKubwinya, ndokutumira Mweya Mutsvene seSungano.

93 Hezvoka izvo. Musakundike kuuwana iwoyo, hama. Pasina rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, wakarasika. Ndiwo chete. . .Hauzodi kuti unetseke nezvekuenda Kudenga. Kana pasina chimwe chinhu muno *umu* cheMweya, mikova haigone kukiyinuka, unogona kufamba ipapo worovera musoro wako pauri. Asi kana Mweya waMwari urimo imomo, Mweya waMwari uri mukati uchasunungura mikova. Unofanirwa kuva nechinhu ichi mukati *umu* kuti urikiyinure mhiriko. Ndizvozvo. Saka wakatotongwa kare pane zvaunofunga pamusoro paJesu Kristu.

94 Zvino, hoyo Achiuya, akabvarurwa, akabvamburwa, akabvarurwa kuita zvidimbu. Mweya waKe wakaenda kuna Mwari. Mwari vakaMuropafadza. Zvino Mweya waKe wakadzoka muchimiro cherubhabhatidzo rweMweya Mutsvene unouya mumutendi wose, kuzochenesa, kuchenesa pfungwa, kuchenesa moyo, nekusiya chikamu cheMweya Mutsvene imomo, apa neapo. Zvino kana Mweya Mutsvene wapihwa,

Mweya Mutsvene mumwe chetewo wakaburitsa mutumbi waJesu kubva muguva, uchaBvuta. Zvino sungano iyoyo inofanira kupfekerana, paAkabvarura ipapo ndokupa mutumbi; akadzokera kuna Mwari, uye Mweya ukadzoka panyika. Zvino Mweya wako unofanira kuva mhando imwe chete yeMweya, kana kuti uchapotsa nzvimbo iyoyo pakuenda pamwe chete. Ameni. Hongu, changamire. Kwete nekuti unozviita uri iwe, asi nekuti chimwe Chinhu, rudo rwaMwari rwakapinda mumweya wako, rwukabvarurira chimupunzo chose chepanyika kunze. Hezvoka izvo.

95 Uye pane chimwe chinhu chinofema nekudana kuna Mwari, mweya wako uri mukati umu uri kudana kuna Baba voKudenga. Hezvoka izvo. Zvinokupa kutenda, zvino unova Mbeu yaAbrahama. Unotenda vimbiso yaMwari sezvakaita Abrahama. Kunyangwe ikanonoka, asi unoitenda. Wakatendeka! Abrahama haana kudzedzereka pavimbiso yaMwari, kubudikidza nokusatenda, asi anga akasimba, achipa rumbidzo kuna Mwari.

96 Uye haugone kugara wakaponeswa kubva pane rumwe rumutsiriro kuenda kune rumwe. Zvino wozviti Mbeu yaAbrahama? Zviri nani kutanga wafunga nezvechimwe chinhu. Usayera chero chinhu zvisizvo. Ramba wakati twasa neShoko.

97 Abrahama haana kudzedzereka pavimbiso yaMwari, kubudikidza nekusatenda. PaVakamuudza kuti Vaizomupa mwanakomana, akamirira makore 25, akatowedzera kusimba nguva dzose. Akakura munyasha nezivo yaShe. Ameni.

98 Ndanga ndisina chinangwa chekuparidza, asi Watozongoparidza uri mandiri. Horaiti.

99 Mwari vachidana, vachisanangura. Zvino, mochitongozvigamuchira, kune vanhu vasiri kuzomboponeswa. Kune vanhu vasiri kuzomboponeswa, zvisinei nezvavanoita. Uye munozviziva izvozvo. Kune vanhu vakafanotemerwa kuti varasike. Kune vanhu vakafanotemerwa kuti vaponeswe. Vose vakafanotemerwa kuti vaponeswe, vachaponeswa, zvisinei.

100 Izvozvo, hazvisi kunyatsogamuchirika. Zvaita sekuti hamusi kuzvibata. Zvinoka, ngativhurei, ngatingozviwanei zvino, tione zvakataurwa naMwari. Ngatiendei uko, ngatipindei muTestamende Itsva kutanga. Ndipei vaRoma 9, kwechinguvana, uye tichaona kuti ndizvo here izvi kana kuti kwete, tione kana Mwari vakati vamwe vaizorasika, uye vamwe vai—vaizova. Munofarira Shoko raMwari? Saka, ngationei zvaRinotaura zvino. Zvino nyatsoteererai. Torai nguva yenyu, musamhanye henyu. Zvino tarisai VaRoma 9, Pauro achitaura, Testamende Itsva. Okutorai munzvimbo dzakawanda mune Yekare.

101 Uye imi muri kunyora pasi, nyorai pasi zvakare Judha 4, muri ipapo, "Varume vekare, vakafanotemerwa mukutongwa uku, vanhu vachishandura nyasha dzaMwari kuva hunzenza, vachitevera ruchiva rwemunyika." Umo muna Timotio zvakarewo, paRinoti, "SaJambure naJane vakamisidzana naMosesi naAroni, saizvozvowo ava vanodzivisa Chokwadi; vanhu vane pfungwa dzakarasika." Mwari vakati vachange variko, uye vatori pano!

102 Tarisai kune zvinhu zvenhema. Unobuda kunze kuno, wopfuura nemumachechi ePentekosti, maMethodist, maBaptisti, Holiness, chero kwaunoda, unowana vanhu vachiUtevedzera, vanhu vachiita sekunge vakatodaro. "Zvinoka, Mwari ngavarumbidzwe. Hareruya!"

103 Mumwe mudzimai akati rimwe zuva, "Ndine vana 10, asi, Mwari ngavarumbidzwe, Ishe vakandidana kuti ndiparidze Evhangeri. Hareruya, ndiri kubuda, kunozviita." Havana kumboita chinhu chakadaro. Havana kumbozviita uye haVasi kuzombodaro, nokuti Vakati haVaizodaro. Zvino, asi, oo, ini zvangu, mudzimai uyu akafunga kudaro. Hongu, changamire. Mwari vakamupa vana vake 10 vokurera, ndizvo zvaaifanira kuita. Zvakanaka. Asi nyaya yacho ndeyekuti, vanozvisvitsa vega pakuzobatikana mumanyawi.

104 Zvino, vanoti, "Handidi mumwe munhu anondidzidzisa. Mwari ngavarumbidzwe, ndine Mweya Mutsvene." Saka, zvino, Mweya Mutsvene wakakanganisaka paWakati Wakaisa vamwe muchechi, vadzidzisi? Mwari ndivo vakavaisa muchechi, sevadzidzisi. Zvakatoringana zvakadaro. Sei Vakaisa vadzidzisi imomo, kana Mweya Mutsvene uri kuzoita kudzidzisa kwacho kwese? Maona? Zvakanaka. Maona?

105 Chinodiwa nevanhu kuti pfungwa dzavo dzibhabhatidzwe, kunze kwemvura yavo. Ndizvozvo. Zvakanaka. Regererai chitaurwa ichocho chakaomarara, asi ndi—ndinofarira chaizvo kuti zvinyatsosinina. Tinoda rumutsiriro, uye, hama, unofanira kumutsiridza chinhu chacho. Usati wagona kuzviita, unofanira kudzinga Satani. Usakakavadzane naye, tora nzvimbo yako womira ipapo. Ndakatorwisana naye, pasi rose, uye Mukristu wese akambomiririra Mwari anotorwisana naye. Asi kana uchiziva zvauri kumira mazviri, zvaunoziva kuti iChokwadi, iZVANZI NAJEHOVHA, unokwanisa kumira ipapo.

106 Unoti, "Zvinoka, Mwari ngavarumbidzwe, ndakaponeswa nekuti ndakarega kunwa doro. Mwari ngavarumbidzwe, ndakanzwa kudedera kuchidzika nekumusana kwangu. Ndakanzwa mhepo inovhuvhuta, zvine simba yakandirova kumeso. Munozvitenda here, Hama Branham?" Chokwadi. Asi ndinoda kuona kuti mhepo iyoyo inovhuvhuta, zvine simba kuti yakabva kupi, kutanga. Maona? Ndizvozvo. Zvechokwadi. Ikoko kudedera, zvakanaka, asi handina kuponeswa nekuti

ndakadedera, uye kwete nekuti ndakava nemhepo inovhuvhuta, zvine simba. "Hamutendi mazviri here, hama?" Hongu, ndinotenda. Asi mirai zvishoma, ngatidzokerei shure pano zvishoma. Dhiyabhore ane zvimwe zvenhema ipapo.

107 Ndakaponeswa nekuti ndakazadzisa zvinodiwa naMwari. Vakandidana, uye ndakaziva kuti Vakandidana. NdakaVagamuchira paShoko raVo, naizvozvo ndinokwanisa kuudza Satani kuti, "ZVANZI NAJEHOVHA!"

108 Jesu paaiva pano panyika, Aiva Mwari, Aiva Imanueri. Mwari vaiva muna Kristu, vachiyananisira nyika kwaVari. Haana kumboshandisa chimwe chezvipo zvaKe zvikuru, paAkasangana naSatani. Akati, "Kwakanyorwa kuti, 'Munhu haangararame nechingwa choga.' Kwakanyorwa kuti, 'Usaedza Ishe Mwari wako.'" Akamukunda. Ndizvozvo, ziva Magwaro. Satani anoAzivawo, zvakare, asi unofanira kuziva kunyatsopatsanura Shoko raMwari. Maona?

109 Cherechedzai, teererai Pauro achitaura. Vangani vanogamuchira Dzidziso yaPauro? Akati, "Kana Ngirozi ikadzidzisa chimwewo chinhu, ngaive yakatukwa."

> *Ndinotaura* chokwadi *muna Kristu, handirevi nhema, hana yangu* ichindipupurira *muMweya Mutsvene,*

110 Teererai Pauro achizvisimbisa, munoona, achizviisa kuti mugoziva zvemazvirokwazvo.

> *Kuti ndine* kuremerwa kukuru uye iko. . .kusuwa *mumoyo mangu.*
>
> *Nokuti ndaigona,* ini. . .*Nokuti* ndaizoshuvira *kuti ini ndimene ndive wakatukwa* ndichibva kuna *Kristu nokuda kwehama dzangu,* hama dzangu *panyama:*

111 Makambonzwa kuti, "Oo, maJudha ose vanhu vakasarudzwa naMwari." Handizvo. Handizvo. MaJudha havasi vanhu vakasarudzwa naMwari. Munoona, havasi. Zvino teererai, onai kana Pauro asina kutaura chinhu chimwe chete, uye aiva muJudha. Munoona, Abrahama aive nevanakomana 11. Munozviziva izvozvo, handiti? Uye vose vaive mbeu yaAbrahama. Vose vaiva mbeu yaAbrahama, asi "Muna Isaka Mbeu yako ichadanwa." Kwete mune vamwe vose, kwete muna Ishmaeri, kwete mune vamwe vanakomana 9 kubva kune mumwe, mudzimai wechitatu waakava naye. Kwete. Zvaive, "Muna Isaka ndimo makadanwa Mbeu." Mirai, ndinotenda kuti izvi zviri muchitsauko chimwe chetecho.

> Avo vaiva *vaIsraeri;* avo vaizogadzwa kuva *vana, nokubwinya, ne*sungano, *nokupiwa murayiro,* neshumiro ya*Mwari, nezvipikirwa;*

112 Zvino, ari kutaura nezveIsraeri zvino. Zvino mutarisei, zvaanotaura.

> Vanova *madzibaba* avo, uye naivo vari maere-. . . nekuda kwenyama *Kristu* akavinga, *ari pamusoro pavose, Mwari* vakaropafadza *nokusingaperi. Ameni.*

> Kwete sekuti *shoko raMwari*. . . harina zvarakabatsira. *Nokuti havasi vose vari Israeri,* vari . . . *vaIsiraeri:*

113 Ndizvo here? Zvino havasi vose Israeri vari maJudha ikoko, havasi vose. Tarisai.

> Kwetewo, nekuti ivo imbeu ya*Abrahama,* . . .

114 Izvozvo hazvivaite vaIsraeri. Zvino tarisai. "Muri kufananidzira chii, Hama Branham?" Ndiri kufananidzira Chechi. Vose vanopupura Kristu havasi Makristu. Vose vanoenda kuchechi havasi Makristu. Mbeu yose yaAbrahama yakanga isiri Kri-. . . yakanga isiri, yaive nevimbiso. Aive musanangurwa, yaive vimbiso. Zvino vimbiso yakafanotaurwa kuna Abrahama. Uye musanangurwa waMwari akafanogadzwa nyika isati yavambwa. Maona? Cherechedzai!

> Kwetewo, nekuti ivo imbeu ya*Abrahama,* vatori *vana: asi, Muna Isaka* ndimo muchadanwa mbeu yako.

115 Kwete mune mamwe maJudha ose, asi muna Isaka. Kubudikidza naIsaka kwakauya Kristu. Ndiyo yaive Mbeu yaAbrahama, ndiKristu. Uyezve Mbeu yaAbrahama, kutanga, yakanga isiri kubudikidza nembeu yekusangana pabonde, kwaiva kutenda kwake kwakacherechedzwa naMwari. Kubudikidza nekutenda, matiri, kutenda rufu, kuvigwa, nerumuko rwaKristu, kunotiunzira, Mbeu yaAbrahama.

116 Zvino Abrahama akanga akadzingiswa, sechisimbiso chevimbiso pakutenda kwake. Zvino, haana kuigamuchira paaive akadzingiswa, akagamuchira vimbiso asati adzingiswa.

117 Ndizvo here, eredha? [Imwe hama inoti, "Ameni."—Mupepeti] Hama iripi . . .? mumwe muparidzi, ndavaona vakagara, ndofunga kuti vari kurekodha kumashure uko, Hama . . . Hongu. Zvakanaka.

118 Akagamuchira vimbiso asati adzingiswa. VaRoma 4 inokuudzai. Akagamuchira vimbiso asati adzingiswa. Akabva apihwa kudzingiswa sechisimbiso chekuteerera kwake pakutenda. Zvino kana tichiti . . . Ndosaka Billy Graham, Charles Fuller, naBillings nevamwe vose, sei vari kutaura pamusoro, pehama idzodzo dzeBaptisti. Ndakaudza vazhinji vavo saizvozvo, Rufus Mosley neboka rese. Ndakati . . .

119 Akati, "Zvino, takava ne 20,000 vakatendeuka mumavhiki 2. Havana kuzokwanisa kuwana vanhu 20."

Ndikati, "Vakanga vasina kutendeuka."

"Oo," akati, "vakagamuchira Kristu seMuponesi wavo."

120 Ndikati, "Zvakadaro, havana kutendeuka." Ndizvozvo. Hauna kutendeuka kusvikira . . . *Kutendeuka* zvinoreva "kushandurwa." Zvino tarisai, Pauro . . .

121 Petro akanga atenda kunaShe, akanga abhabhatidzwa, akapihwa simba rekupodza vanorwara, kudzinga madhimoni, kumutsa vakafa. Zvino Jesu akamuudza, husiku hwaaizofuma achirovererwa, "Mushure mekunge watendeuka, simbisa hama yako." Ndizvo here? Akanga akaponeswa zvese nekucheneswa, uye akanga asina kutendeuka. Ndiwo Magwaro iwawo.

"Oo, aive akacheneswa here?" Hongu, changamire!

122 Johane 17:17, "Vachenesei, Baba, kubudikidza neChokwadi." Munofunga kuti Aiisa Mweya iwoyo mumudziyo wakanga usina kukodzera? Zvino vakabuda ndokunodzinga madhimoni; vakadzoka, vachidanidzira. Zvakanaka, maMethodisti. Vakadzoka, vachidanidzira, vachirumbidza Mwari, ndokuti, "Oo, madhimoni ari pasi pedu!"

123 Oop, mirai zvishoma! Mateo 10, uye Akati, "Musafara nokuti madhimoni ari pasi penyu, asi farai nekuti mazita enyu akanyorwa Kudenga." Ndizvo here?

124 Zvino ndinoda kukudzikamisai kwechinguvana. Uye Judhasi akanga ainavo. Ndizvo here? Judhasi aitonge akakurawo sedhadha riri mudziva remvura. Aidanidzira achifarawo, zvakare. Uye akatevera chechi kusvika chaiko payakasvika paPentekosti. Asi payakasvika paPentekosti, kuti agamuchire rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, akaUramba, ndokutengesa Jesu. Uye ndiye aive antikristu. Zvino mweya iwoyo nhasi unotodzika chaizvo wodzidzisa kururamiswa nekutenda, nezvimwe zvose, uye woenderera mberi chaiko kusvika parubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, zvino wobva waratidza mavara awo. Ndizvo chaizvo.

125 Zvino tarisai mhandara 10 dzakabuda. 5 . . . Dzose idzodzo dzaiva mhandara. 5 vavo vaive vakapusa; 5 vaiva neMafuta mumarambi avo. Mafuta chii? Mweya Mutsvene. Maona? Ndizvozvo. Vose vakanga vari mhandara, vakararama hupenyu hwakanaka, hwakachena.

126 Unoti, "Zvinoka, hama, handiendi kumadhanzi, handiendi kumitambo." Dzinongova tsika dzine hunhu idzo. Kunze kwekunge paine cheMweya! Kwete nekuti wakadanidzira, kwete nekuti wakataura nendimi, kwete nekuti wakasvetuka-svetuka, kwete nekuti wakaita *izvi*; asi chimwe chinhu cheMweya chakaitika mukati *umu*, chakakushandura uye chikaisa . . . Wakasimbiswa muna Mwari. Wakaiswa hoko. Ndizvozvo.

127 "Zvino, hamutendi?" Ndinotenda mukudanidzira, ndinotenda mune zvinhu zvose izvi, asi handiyo Mhinduro yacho.

128 MaMethodisti akafunga kuti, pavakadanidzira, vaiva naWo, asi vakazoona kuti vaikanganisa. Vazhinji vavo vakadanidzira, asi vasinaWo. Pentekosti yakauyawo, vakataura nendimi, vakati "tauwana," asi vakazoona kuti vaikanganisa. Vazhinji vavo vakataura nendimi, vainge vasina chinhu. "Kunyange ndikataura nendimi dzevanhu nedzeNgirozi, uye ndisina rudo, hazvindibatsire." Vakanga vasinaWo. Ndizvozvo chaizvo. Uye ndicho chikonzero nyika yose yakanyengerwa nazvo, uye kubudikidza nechimwe chinhu. Handiyo Mhinduro yacho. Kwete chero kuratidza kwepanyama kana manyawi, asi chimwe chinhu chakaitika mukati *umu* zvakashandura maonero ako ose, zvikashandura hunhu hwako hwese. Wakatendeuka; kwete iwe, asi Kristu akauya mauri ndokukushandura. Hunhu hwako hwakafa, mumunhu wekare, uye wakaberekwa patsva, uye wava munhu mutsva. Tarisai. Ameni.

129 Nhai, ndave kunonoka pano, handiti? Ndidaidzirei mushure mechinguvana, kumashure uko, hama, kana ndikangorebesa zvishoma. Ndinofanirwa kuunza vana veIsraeri zasi kuno, muminiti inotevera, asi ndinoda kukuratidzai kuti iri ibasa raMwari kuita zvinhu izvi. Muchiri kundida here? Horaiti. Zvino chingorambai muchindinamatira. Horaiti. Asi ingoregai ndichizororera zvishoma zvino, zvino, kwechinguvana.

> Kwetewo, nekuti ivo imbeu ya*Abrahama,* vanova *vana: asi,* Muna *Isaka* ndimo muchadanwa mbeu yako.
>
> Kuti ndivo, Avo vari va—*vana vepanyama,* ivavo havasi *vana vaMwari: asi vana* vechipikirwa (oo, tarisai ipapo) *ndivo vanoverengwa sembeu.*

130 "Vana vevimbiso." Vakavimbiswa chii? Imhando ipi yevimbiso? Iyo Mwari vakavimbisa nyika isati yavambwa. Vakavadana. Ndiyo Mbeu yacho. Kwete nekuti warega kuita *izvi* nekurega kuita *izvo*, nekurega kunyepa, kurega kuba. Dzinongovawo tsika dzakanaka chete, mugari wemunzvimbo akanaka anoitawo izvozvo. Haugone kuzvidana kuti Mukristu, nazvino, kusvikira chimwe chinhu mukati *umu* chaitika, kusvikira wavandudzwa, chimwe chinhu chakaitika mukati *umu*. Cherechedzai.

> *Nokuti ndirori shoko* rechipikirwa, Se*nguva yakaita seino* ndichauya, uye *Sara* achabereka *mwanakomana.*
>
> Zvino kwete izvi *bedzi; asi Rabhekawo wakati ava nemimba* ne*mumwe,* (tereerai izvi zvino), kunyangwe na*baba vedu Isaka;*

131 Pfeka jasi rako, gadzirira heremeti yako. Izvi zvichakutendeudza.

> (*Nokuti vana vasati vaberekwa,* (ava ndiEsau naJakobho) *vasati vaita. . .zvakanaka kana zvakaipa, kuti* chinangwa cha*Mwari* maringe nekusanangura . . .

132 Ndiri kurega izvozvo zvichisinina kwenguva yakareba. Mukai zvino, zvishoma bedzi. "Esau naJakobho, pasina kana mumwe wavo akanga ati aberekwa, vasati vatomboziva chakanaka nechakaipa."

> ...kuti kusanangura kwaMwari kumire, kwete kwemabasa, *asi* kwaiye *anodana;)*

133 Fiyuu! Ndafunga kuti unorega kudya nyama kuti uponeswe? Hauna kana nechekuita pazviri! Kana wakaponeswa, Mwari vakakudana nyika isati yavambwa, ndokukuponesa. Ndizvo here? Zvino tarisai.

> Sezvazvakanyorwa, sepazvakanzi kwaari, *Mukuru achava muranda womuduku.*

> *Sezvazvakanyorwa zvichinzi, Jakobho ndakamuda,* uye *Esau ndakamuvenga.*

134 Pasati pava nemumwe wevana akanga aberekwa, Mwari vakati, "Ndinoda mumwe uye ndinovenga mumwe wacho." IShoko raMwari here? Handidaviriri paRiri, hapana chimwe kunze kwekuRiparidza.

135 Zvino, kusanangura hachisi chinhu chawaifanira kuita; ndeicho chakatoitwa naMwari. Mwari vakazviita muna Kristu, kuitira iwe, nyika isati yavambwa. "Vose vaNdakapihwa naBaba vachauya kwaNdiri." Hareruya! Oo, ini zvangu! Ndiregerereiwo. Handisi kufarisa; asi ndiri kufara. "Vose vaNdakapihwa naBaba vachauya kwaNdiri, uye uyo anouya kwaNdiri haNdingatongomurasiri kunze. Uyo anodya Nyama yaNgu nokunwa Ropa raNgu, akakodzera, mushure mekunge agamuchira Mweya, ane Hupenyu husingaperi. Ndichamumutsa nezuva rokupedzisira." [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]

136 Uri kutyei? Huh! Mwari vakavimbisa, pasina zviga. Rudo rwaMwari irworwo rwuchirira mumoyo mako, uye unoziva kuti wakabva murufu kupinda muHupenyu, unoda munhu wese, uye pa—pasi rose rave rakatosiyana kwauri, uye rwakaroverwa hoko ipapo chaipo uye hapana chinokutsukunyutsa, ingofara hako woenderera mberi. Mwari ngavarumbidzwe! Usarega chimwe chinhu chichikutsautsa. Oo, unogona kubuda wotonhorwa wodedera zvishoma, asi Mbeu yaMwari iyoyo icharamba yakatendeka. Bhaibheri rakati, "Kunyange tisingatendi, asi iYe haakwanise. Ndewe chokwadi, Anomira akatendeka." Zvino tarisai. Ngativerengei.

> Ko isu zvino, *tichatiiko zvino?* (Teererai Pauro) *Kusarurama kuripo* muna *Mwari here? Haisva.* Pane kusarurama here?

> *Nokuti anoti* kuna *Mosesi, Ndichanzwira ngoni wandinonzwira* ngoni,...*Ndichanzwira* tsitsi *wandinonzwira* tsitsi.

Saka zvino kana zvisiri zveuyo *anoda,* . . .

137 Oo, unoti, “Mwari ngavarumbidzwe, hareruya, ndichaponeswa ndisati ndafa.” Uchadaro nhai? Mwari ndivo vane chekutaura pamusoro paizvozvo.

> . . .kwete uyo anoda (kwete, izvozvo), *kana* . . .iye *anomhanya,* (chii?) *asi Mwari* vanoratidza *ngoni.*

138 Haasi uyo anomhanya kana uyo anoda, ndiMwari vanoratidza tsitsi. Kusanangura kwaMwari. Mwari vanoita zvaVanoda.

139 Zvino cherechedzai nechepamberi zvishoma. Ndinazvo zvakatarwa pano nemavara matsvuku, zvakanyanya, zvose zvakafukidzwa kusvikira handichatokwanisa kuzviona. Iro, ndakaRiverenga zvakanyanyisa muno umu. “Kwe. . .” Handizive kuti chii chiripo ipapo, zviri. . .hongu, rakadzimika-dzimika. Ndinoona kuti zviri apa, ndakazvidzima-dzima zvose neingi tsvuku imomo. “Rugwaro. . .” Ndichatora rimwe Bhaibheri rangu mangwana manheru.

> . . .*izvo zvinoti. . .Farao, kunyange nekuda kweizvi, ndakamumutsa nekuda kwechinangwa chimwe chete ichi, kuti ndiratidze simba rangu mamuri, uye kuti zita rangu riziviswe kune vose, pasi rose.*

140 Mwari vakamutsa Farao, ndokuomesa moyo wake, nokuda kwechinangwa ichocho. Mwari vakamutsa Judhasi Iskariyoti, akazvarwa pano ari mwanakomana wokurasika. Ndizvo here? Mwari vakaudza Esau naJakobho, vasati vatomboberekwa, vakaudza amai vake zvese pamusoro pezvaizoitika, mumwe waVakanga vakavenga uye mumwe Vakanga vachida. Ichokwadi here? Saka ndiMwari Vanoita zvinhu zvose muzvinhu zvose, uye hauna chaungaita pamusoro pazvo. Uye kana Mwari vakakudana, rudo rwaMwari rwuri kurira mumoyo mako. Uye vose vaVakadana vachauya kwaVari, uye hapana kana chimwe chazvo chicharasika. Mwari vakavimbisa, Vakati, “Hapana kana mumwe wavo acharasika. Vose vaNdakapihwa naBaba, vachauya kwaNdiri. Uye hapana mumwe wavo anorasika kunze kwaJudhasi Iskarioti, kuti Magwaro azadzikiswe. Uye Ndichavamutsa nezuva rekupedzisira.”

141 Zvino uri, wataura chinguva chapfuura, kuti uri Mukristu. Chii chakakuita Mukristu? Nokuti Mwari vakakudana nyika isati yavambwa, kuti uve Mukristu, zvino wakava Mukristu. Ukabva waponeswa, ukazadzwa neMweya Mutsvene, une Hupenyu Husingaperi. Sei Akakupa Mweya Mutsvene? Sechisimbiso chekutenda kwako. Wakava nekutenda kutanga.

142 Zvino, kana ukati, “Zvino ko. . .? Mataura nguva yadarika nezvaBilly Graham nevamwe vachidanidzira, ‘Ndivanaani vese. . .Vangani vanoda kugamuchira Kristu seMuponesi wavo. Vasimudze ruoko rwavo.’ Zvakanaka here?” Zvirokwazvo, zvakanaka. Zvakanaka, asi anongova mavambo. Zvino kana

uchinyatsozvitenda uye wonyatsozvigamuchira mumoyo mako, uye wodzidziswa zvakanaka, zvino Mweya Mutsvene unouya sekudzingiswa, kwaAkapa Abrahama mushure mokutenda kwake, kusimbisa.

143 Zvino unoti, vanhu vanoti, "Ngativei nemusangano wekurindira. Mbiri kuna Mwari, ngatidzokerei." Zvino toti, "Mbiri kuna Mwari, ngatirindirei Mweya Mutsvene." Hakuna chinhu chakadaro.

144 *Rindira* hazvirevi kuti "nyengetera." *Rindira* zvinoreva kuti "mirira." Vangani vanoziva kuti izwi rekuti *rindira* rinoreva kuti "mirira"? Jesu akati, "Mirirai kumusoro uko muguta reJerusarema kusvikira iNi. . .kusvikira vimbiso yapihwa kwamuri." Handizivi zvavakanga vachiita. Zvichida vainyengetera. Handizive.

145 Asi havana kuzombomirira shure kwaizvozvo. "Petro achiri kutaura Mashoko aya, Mweya Mutsvene wakawira pavari." Vose havo zvichidzika! Zvino Pauro paakaisa maoko ake pamusoro pavo, Mweya Mutsvene wakauya pamusoro pavo. Ndizvo here? Munoona, hapana kumirira. Mweya Mutsvene wakanga uripo ukavapa rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, mukusimbiswa kwekutenda kwavo.

146 Zvino Mwari vakaita kuti Abrahama adzingiswe, mukusimbiswa kwekutenda kwake. Uye chaiva chii? Mweya Mutsvene chii? Mumwe munhu ngaandiudzewo kuti Mweya Mutsvene chii. Chiratidzo. Ndizvo here? Kudzingiswa kwaiva chii? Chiratidzo. Ndizvo here? Chiratidzo. Mwari vakapa chiratidzo chekuti Vakanga vagamuchira Abrahama, nekudzingiswa.

147 Zvino paunoti, "Ndinotenda Mwari, ndinotenda Jesu Kristu," zvino Mwari vanokupa rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, sechiratidzo chekuti Vagamuchira kutenda kwako. Hareruya! Zvino unobva wasimbiswa muHumambo hwaMwari; kwete kusvikira parumutsiriro rwunotevera, asi kusvikira pazuva rerudzikinuro rwako. VaEfeso 4:30, "Musachemedza Mweya Mutsvene waMwari uyo wamakasimbiswa nawo kusvikira pazuva rokudzikinurwa kwenyu." Hezvoka izvo.

148 Zvino nokukasika, kuda mamwe maminitsi 5, ngatiendei kuna Genesi 45. Uye ndinoda kutora nzira diki yekudimbudzira ya—yakanaka pano, kuti ndiunze vana vaIsraeri ava kunzvimbo yaunozovatora mangwana manheru wovabuditsa. Ndine hurombo nekunonoka zvishoma manheru ano, asi ndanga ndichifanirwa kutanga ndabata mavambo aya kutanga.

149 Zvino, Abrahama akagamuchira vimbiso. Isaka akauya. Munoziva zvibairo. Ndaedza kukudzosai kumashure, kuti chechi iya kumashure uko ichidana, kusanangurwa, kwaiva kwaMwari, sezvazviri nhasi. Vakadana Abrahama nokusanangura; Vanodana chechi nokusanangura. Vakapa Abrahama vimbiso,

Abrahama akazvitenda; uye Vanodana chechi nhasi. Munotenda here Jesu Kristu? Zvino, chekutanga, munotenda. Uyezve Mwari vakava naAbrahama nevana vake, mbeu yake, vakadzingiswa sechiratidzo; uye Vanokupa Mweya Mutsvene nhasi sechiratidzo.

150 Mweya Mutsvene chii nhasi, kumunhu, kana Wauya? Ndewekudzingisa. Ko—ko Stefano haana kutaura kudaro here, muna—muna Mabasa, chitsauko 7? paakati, "Oo, imi musina kudzingiswa mumoyo nenzeve, munogara muchidzivisa Mweya Mutsvene. Sezvakaitwa nemadzibaba enyu, nemiwo munodaro." Ndizvo here? Uye Mweya Mutsvene kudzingiswa. Uye kudzingiswa kunoitei? Kunobvisa nyama yakawandisa, zvinhu zvose zvemunyika. Unokudzingisa kubva pazvinhu zvemunyika, rudo rwenyika, rudo rwenyama, kuzvikudza kwehupenyu. Unotongokudzingisa kubva pane izvozvo. Hauna chekuita nazvo; Unozviita pachaWo, uye unokuisa murudo naJesu Kristu, nerudo rwusingafe. "Hapana chinogona kukupatsanura kubva parudo rwaMwari rwuri muna Kristu Jesu." Pauro akati, "Matambudziko nemiedzo, nematirongo, nezvimwe zvose, hapana chiripo, hapana chichauya, chinogona kutiparadzanisa nerudo rwaMwari rwuri muna Kristu Jesu."

151 Uye Akakudana, akakudzingisa, kuzviisa . . . iwe uri maAri, uye akafanotemera magumo ako eKusingaperi. Kana izvozvo zvisingaiti kuti Makristu adanidzire, handizive kuti chii chingazviita. Kana izvozvo zvikasamutsa munhu ari—ari muna Kristu, handizivi zvazvinotora kumumutsa; ndinotenda kuti akafa zvakapetwa kaviri, akadzurwa nemidzi. Hamudaro here? Zvakanaka.

152 Zvino, ipapo Akadana, ndokubva Aunza Mbeu yaKe zasi. Chinhu chinotevera, Akauya kubudikidza naAbrahama, uye zvakare kubudikidza naIsaka, uyezve kubudikidza naJakobho, uye kubva kuna Jakobho kuenda kuna Josefa. Zvino tarisai, dai tanga tiine nguva, pane imwe nguva, kuti tipinde mune izvi. Tichadaro, asi kwete iye zvino. Tarisai, kusanangura kuri muna Abrahama. Macherechedza here? madzitateguru 4 iwayo chete, zvino yakabva yamira, ikapamuka. Ikanopinda mumadzitateguru 12 uye marudzi akabva azobuditsa marudzi. Ndizvo here? Uye vacha . . . Haina kuzombodzoka zvakare kusvikira yadzoka ari mune Mumwe, Mbeu yaAbrahama; zvino yakapinda muMunhu, uyo aiva Kristu, kunyange zvazvo yakabwinyiswa pano panyika ikasimudzwa muna Mwari. Zvino Mweya Mutsvene wakadzoka kuzoparadzira nyika yose, kuti izadze pasi rose nezivo yaShe, sekudzika seMatenga, uye, oo, ndiwo Mweya Mutsvene nhasi.

153 Zvino tarisai. Kusanangura, muna Abrahama; kururamiswa, muna Isaka; nyasha, muna Jakobho; nekukwaniswa, muna Josefa. Hapana kana chinhu chimwe chete chakaipa chakanyorwa pamusoro paJosefa. Ndiko kukwaniswa. Matanho 3 epanyika erwendo rwevana veIsraeri, uye rechina raive

pavakapinda munyika yechipikirwa, yaiva Mireniyamu. Uye matanho 3 echechi yeMarudzi. Vhiki rino, Mwari vachitendera, ndinogona kuzviunza nemuBhaibheri ndokuratidzai kuti tiri mudanho redu rechitatu, zvino tagadzirira kupinda muMireniyamu munguva yaJosefa.

154 Zvino tarisai, zvinhu zvose pazvakaungana muna Josefa. Chii? Munhu akakwana; uyo akaberekwa nababa vake, aidiwa nababa vake, achivengwa nemukoma wake. Zvino tarisai nokukasika zvino, nokuti ndinofanira kukurumidza, ndipei kuteerera kwenyu kuzere. Aidiwa naBaba vaKe, achivengwa nemukoma waKe; Ishe Jesu, tarisai Jesu achiratidzwa muvanhu vose ivavo imomo. Tarisai kuna Josefa, uyo akakwana. Oo, tinogona kugara mavhiki tiri paari. Tarisai, akavengwa nemukoma wake, achidiwa nababa vake. Sei? Akanga ari munhu wemweya. Aiona zviratidzo, achikwanisa kududzira hope. Aiva wemweya. Wake mudiki wekare. . . vakoma vake vakati, "Matakanana! Ibva pano."

155 Zvino tarisai machechi nhasi. Tarisai divi rezvemweya. Ishe Jesu muchechi yaVo nhasi, Vanovengwa nevana vose. Munoona, chaizvoizvo. Akasekwa, vakaMudana kuti "mupengereki," kwese-kwese. Zvino, zvinofanira kudaro. Hechino chaifananidzirwa chacho; heuno mumvuri wacho.

Unoti, "Zvinoka, Hama Branham, kana ndikagamuchira Mweya Mutsvene, vose vanondiseka."

156 Zvino, kana usina, hauna kuUgamuchira. Unofanira kuvengwa nenyika. Jesu akati, "Vanodana Tenzi wemba kuti 'Bherizebhabhu,' vachadana vadzidzi vaKe zvakatonyanya kudarika, munoona, ivo veimba." Zvino, Aiva. Uye tarisai.

157 Zvino aidiwa. Uye baba vake. . . Izvo, hatikwanise kusuduruka, kubva pane izvi. Baba vake vakamupa jasi remavara mazhinji. Ndizvo here? Zvino, kana mukatarisa nguwo iya isina musono, yaimiririra Mweya Mutsvene waimufukidza iye pauzima. Uye nhasi Mweya Mutsvene unofukidza chechi, Nguwo yemavara mazhinji. Zvino mune mavara 7 mumuraraungu. Maona? Uye mavara awo 7 akakwana ndiwo mavara ose atinawo. Uye anopindirana pamwe chete achigadzira muraraungu. Zvino muraraungu, muBhaibheri, unoreva sungano. Zvino Mwari vakaita sungano yaVo naNoa, kwete nemvura zvachose, asi nemoto munguva inotevera, Vakamupa chiratidzo chemuraraungu, uye tichiinacho. Ndizvo here?

158 Zvino kana mukazarura (dai ndaiva nenguva yekutora mamwe Magwaro aya) kuna Zvakazarurwa, chitsauko 1. Zvino Johane paakaMuona akamira, "Mumwe akafanana neMwanakomana womunhu, akamira pakati pezvigadziko zvemwenje zvinomwe zvendarama," aiva Mazera Manomwe eChechi.

159 Zvino takatanga neEfeso, uye tichipedzisira muRaodhikia, zera rechechi rine kakudziya apo patiri zvino, "Vaine chimiro chehumwari, asi vachiramba simba racho." Vachienda kuchechi, uye vachiita kuti vanhu vapinde uye vachiti "gamuchira Kristu" uye vachiisa zita ravo mubhuku; asi vachiramba rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene nesimba, neminana, nezviratidzo, nezvishamiso, vachiita dambe naWo, muZera reChechi yeRaodhikia, rakasvipwa kubva mumuromo waMwari; uye Vasanangurwa vakatorwa kumusoro. Oo, hareruya! Oo, chimwe chinhu chinopinda mumweya wangu pandinofunga nezvazvo, shamwari. Oo, nyika muchinhano chayo nhasi!

160 Zvino hapo paAiva, akamira ipapo. Chii? Uye Aitaridzika sedombo reJaspisi neSardhio. Jaspisi raiva chii? Raiva dombo raRubheni. Sardhio raiva chii? Benjamini. Wekutanga newekupedzisira. Aitaridzika seWekutanga neWekupedzisira. Uye muraraungu wakakomberedza musoro waKe, pamusoro pezvigadziko zvemwenje zvinomwe zvegoridhe. Muraraungu, sungano yakanga yaitwa naMwari kubudikidza naAbrahama, kubudikidza naIsaka, kubudikidza naKristu, kubudikidza nechechi, kubudikidza nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Nguwo yemavara 7 yaiva pana Josefa, yaive pana Jesu, iri pachechi nhasi, yakachengetedzwa. Mutumbi wakanga wakafukidzwa nenguwo. Uye chechi haisi iwe, Mweya Mutsvene wakakufukidza neRopa, sungano yaMwari, yakafanotemerwa nyika isati yavambwa.

161 Hareruya! Ndatongoti ndibuditse izvozvo. Zvakanaka. Zvanga zvava kuda kundiputitsa. Cherechedzai, regai ndikuudzei, munogona kufunga kuti ndinopenga. Kana ndiri, ndiri kufara, ndisiyei ndakadaro. Horaiti. Regai ndikuudzei chimwe chinhu. Oo, ndingarega sei kufara, uye ndichiziva zvandinoziva? Ko ndingagorega kuzvitaura sei, uye ndichiziva zvandinoziva? Ndiri kuedza kuzvisvitsa kuvanhu. Ini zvangu! Zvinotoita kuti chero ani zvake afare. Fiyuu! Ini zvangu! Zvakanaka.

162 Hapo paAiva, uye Jakobho aiva. . . uye Josefa aiva mufananidzo waKe. Chifukidzo, baba—baba vakamupa nguwo. Hareruya. Hamurangariri here Jesu paakabhabhatidzwa, "Akabva abuda mumvura pakarepo, zvino, tarira, matenga akazaruka kwaAri, uye Mweya Mutsvene ukaburuka seNjiva, ndokuenda paAri, ndokuti, 'Uyu ndiye Mwanakomana waNgu anodikanwa waNdinofarira zvikuru.'" Haana kumboita chishamiso kusvikira panguva iyoyo. Ndokubva ananga murenje kunoedzwa, ndokuzobudako chaiko achipodza vanorwara, uye nemasimba aMwari.

163 Ndiyo chechi iyoyo. Kana yabhabhatidzwa, inopfekedzwa Mweya Mutsvene, nesimba. Oo, ini zvangu!

164 Chishamiso chaicho chekuti chibereko chaSara chakanga

chakafa, Isaka asati auya. Mwari vakangozviregа zvichienda zvakadaro. Aiva nemakore 60 ekuberekwa paakawana vimbiso. Aiva nemakore 90 ekuberekwa mimba yembeu isati yambobata maari. Zvakakwana, zvinoshamisa chose!

165 Uye munhu akazvarwa patsva, anoshamisa. Hareruya. Hakusi kugamuchira, kana kusimudza ruoko rwako se*zvizvi*. Chipo chaMwari. Chinoshamisa! Akaberekwa patsva, akabviswa munyika ino muchiyero chepfungwa. Hongu, changamire. Sei, nokuti unozvikodzera here? Nokuti Mwari vakazvivimbisa, kuti vimbiso ive yechokwadi, maringe nekusanangura.

166 Zvino Josefa akatengeswa potse nemasirivheri 30, nemukoma wake. Chechi yechiJudha yakatengesa Josefa.

167 Nhasi, chii chiri muchechi iyi? Kutengesa. Vari kuita magwaro, vari kuedza kuva ne. . . Saka, zvino, chingoramba wakachengeta izvi mupfungwa dzako. Vari kuzova nemubatanidzwa wemachechi. Machechi aKristu ekuAmerica ave kutoita mubatanidzwa kare nemachechi avo ese, uye vari kuzova neboka pano rimwe zuva richatumbuka, kuzorwisa Communism, richabatana nechiKatorike, nechechi yechiProtestanti nechechi yeKatorike pamwe chete. Zvino vanosanganisira masangano ese vanomira neChokwadi, uye vachibva padzidziso iyoyo yavainayo, vachatambudzwa. Munembo wechikara; Chisimbiso chaMwari; mangange achauya nenguva isipi. Uye, hama, kana Ichocho chisimo *umu*, uchanyengerwa zvechokwadi senyika, nekuti zvichataridzika sezvakanaka kwazvo. Zvichati, "Zvino, kana Communism yakaita ya—ya—yakaita. . . kuitira nyika, handiti, ngatiitei chimwezve chibvumirano, uye tounza Makristu ese, uye todzosa Chikristu kunyika." Uye zvotaridzika zvakanaka kwazvo, vanhu vanosvetukira mazviri. Maona? Vachabatanidza machechi, nekuunza, kuedza kuita kuti Chikristu chive chinhu chimwe chete. Zvino Bhaibheri rinoti, muna Zvakazarurwa, kuti akapa simba rake nezvose, kuti akaita mufananidzo kuchikara uye akashandisa simba rese rakaitwa nechikara chaive pamberi pake. Chokwadi, ndizvozvo. Ndinoshuva kuti dai tanga tiine nguva yekubatanidza Zvakazarurwa mune chinhu ichi (asi hatina, munoona), kuti tione pazviri. Muri pano chaipo kumagumo enguva, hama. Tave kumagumo ezera.

168 Zvino vakatengesa Josefa, masirivheri 30. Vakamukandira mugomba, kuti afe. Akatorwa kumusoro, ndokutumirwako. Zvino paakanga ari mutirongo rake imomo, iye. . . Paiva nevarume 2, mudiri wewaini ne—ne—nemubiki wechingwa. Zvino mumwe wavo akarasika uye mumwe wavo akaponeswa, kubudikidza naJosefa akapa hope nedudziro.

169 Uye chinhu chimwe chete Jesu paaive akarembera pamuchinjikwa, paiva nembavha kune rimwe divi nembavha

kune rimwe divi, zvino mumwe akarasika uye mumwe wacho akaponeswa. Chaizvoizvo.

170 Zvino akaendeswa pamberi paFarao ndokududzira hope, uye akaitwa mubatsiri wepedyo waFarao, hapana munhu aigona kuona Farao asina kuuya kuna Josefa.

171 Uye mufananidzo wakakwana waJesu, agere kuruoko rwerudyi rwaMwari, zvino hapana munhu anouya kuna Mwari kunze nekuna Kristu. Chaizvoizvo mufananidzo wakakwana ipapo.

172 Uye cherechedzai, hechino chimwe chinhu, imi vanhu veMarudzi zvino maringe neMbeu yeVasanangurwa, Josefa akapihwa mwenga weMarudzi. Akarambwa nemukoma wake, ndokutendeuka ndokutora mwenga weMarudzi. Ndizvo here? Akamupa, Farao akamupa muprisita weOri, mwanasikana wacho, kuti ave mwenga wake. Uye akaroora mudzimai weMarudzi, akabereka Efuremu naManase, avo vaiva vadyi venhaka pamwe chete muhumambo, muvimbiso yemadzitateguru.

173 Cherechedzai kuti zvakakwana sei kuti Jesu, paakarambwa nemaJudha, akatumira Mweya Mutsvene, zvino vakavaseka uye vakaita dambe navo, ndokuti, "Vakadhakwa newaini itsva." Ndizvo here?

174 Zvino Jesu akati, "Unogona kuNdimhura, woshaya chinokuwana; asi kana ukataura shoko rimwe chete uchipesana neMweya Mutsvene, hauzombozviregererwa."

175 Zvino maJudha iwayo akauya kumusoro ikoko, ndokuti, "Handiti, varume avo vakabatwa newaini itsva, ha, ha, ha," ndokuvaseka. Uye hapana kukwana makore 30, kana kudarika, kubva ipapo, kusvikira Tito akomba masvingo uye vakadyirana vana, uye vakavauraya ndokupisa temberi, maringe neShoko raMwari. Uye haina kumbobvira yasimudzwa, kusvika mazuva eMarudzi apera. Uye ipapo ndiri kugadzirira kushanyira Jerusarema mumavhiki mashoma anotevera, neikoko kumatongo aye ekare, nemadziro ekuchemera ari ikoko. Uko kwavakanga vakaparadzirwa pasi rose, nokuti Mwari vakavaudza kuti vaizozviita, uye vakauya zasi ndokuzviita. Ndizvozvo. Oo, ini zvangu! Kufunga pamusoro pechi—chituko chekuramba Mweya Mutsvene! Zvino, Mweya Mutsvene wakadururwa, ndokubva vaUramba.

176 Zvino maJudha pavakaUramba, Marudzi vakaUgamuchira, waiva mufananidzo weMwenga. Vakati Vachadana vanhu kubva kuMarudzi, kuitira Zita raVo.

177 Musikana mudiki uyo agere kumashure uko, aimbova Broy, asi ndiBranham iye zvino, mudzimai wangu.

178 Uye iwo—iwo Mwenga waJesu Kristu uchange uri Mai Jesu Kristu (Hareruya!), vakabhabhatidzwa neMweya waKe, muzita

raKe, vakazadzwa nesimba raKe, vakapfeka kururama kwaKe. Hareruya! Hoyoka Uyo. Uye zvino cherechedzai, iyeye aiva Mwenga weMarudzi.

179 Zvino kuverenga zvimwe zvese tisati tavhara. Heino nyaya inosuwisa kupfuura dzose yamati mamboona panguva yekupedzisira, patiri kuperera zvino, Mwenga weMarudzi wakatosarudzwa kare, wakabuditswa. Nyaya yacho yava kutopera. Zvino teererai pano muchitsauko 41. "Zvino zvakaitika..." Izvi zviri pamagumo ezera remaJudha zvino, zvino tave kuvhara. "Kumagumo, makore 2 azere, Farao..." Kwete, mirai zvishoma, ndatora—ndatora chitsauko chisiri icho pano, ndine chokwadi chaicho. 45, ndanga ndichida kudaro, panzvimbo ye 41.

> *Zvino Josefa haana kugona kuzvidzora pamberi pavose vakanga vamire naye; zvino* akachema, ndokuita kuti *vanhu vose* vabve paari. *Zvino kwakanga kusina munhu akamira naye, Josefa achizvizivisa* kuhama dzake, avo vakanga vamuramba.

180 Zvino, kwechinguvana tisati taenda. Josefa, mushure memakore ose aya, aakanga ari zasi ikoko, pakasimuka nzara munyika yekwake, Mwari vachifamba. Josefa mudiki anonzwisa urombo akanga ava mubatsiri. Zvino pano, vakoma vake vakanga vamutengesa, akaona chiratidzo chavo vachiuya, vachikotama pamberi pake, zvino vakamudana kuti muroti nemuoni wezviratidzo, uye vakaedza kumuuraya. Sezvavakango...

181 Jesu akafanotaura kwavari maJudha, zvavaiva nezvavakanga vaita, uye nezvaizoitika. Pamusoro paTenzi wemba, akatumira Mwanakomana waKe pachaKe, nevaranda vaKe, uye kuti vakaMuuraya sei, nezvimwe zvose zvakadaro. Asi ko Iyeye, Ishe wegohwo, aizoitei paAizouya owana varanda ivavo vakaipa? Zvino, chimbomirai zvishoma.

182 Heuno Josefa, mufananidzo wakakwana, akamira ipapo semaJudha ari kudzokera mumazuva ekupedzisira, kumagumo, vachiuya nemuMireniyamu, apo maJudha achaponeswa zvakare.

183 Zvino vakatarisa. Zvino Josefa, munoziva kuti akaendeswa sei zasi ikoko, kuti sei...Israeri akatumira vana vake zasi. Vakawana chibage chishoma; vakanga vachifa nenzara, uye Josefa akanga adudzira hope dzamambo, uye kuti akanga aunganidza sei chibage, nzvimbo yoga munyika yaive nechikafu.

184 Zvakakwana nezvechechi nhasi, nzvimbo yoga Chikafu chepamweya chinopihwa, chiri muHumambo hwaJesu Kristu. Unogona kunotora chimwe chitendwa chekare chechechi wodzokorora zvitendwa zvishoma zvevaapostora, nechero chaunoda, asi, hama, Mweya uri muChechi yakaberekwa patsva yaMwari mupenyu, ndimo bedzi mune Chikafu. Uye maJudha

iwayo vari kuzozvicherechedza rimwe remazuva ano, uye vari kuuya.

185 Zvino cherechedzai, zvino paakauya, akati akaona Benjamini muduku. Uye kuti, munoziva, kuti akaita sei ipapo, uye akanzwisisa. Kuti baba vake, amai vake vakanga vabereka mwana uyu, zvino ndokubvа vafa, Benjamini muduku, zvino akaona munin'ina wake. Zvino vakanga vasingazive kuti aive ani, zvino vakafunga kuti aive muchinda mukuru, zvino vakatya. Uye ipapo paakavadzosa, zvino akati, "Ndimi vana ani?"

186 Zvino vakati, "Tiri vanakomana vemurume mumwe chete, anova Jakobho, akwegura; munoziva, Israeri, uye aiva akaropafadzwa naShe, nezvimwe zvakadaro." Uyezve akanzwa kuti baba vake vanodikanwa vakwegura vakanga vachiri vapenyu. Teererai zvaakataura pano. Zvino akazvizivisa kwavari paakavhara mikova. Moyo waKe, tarisai rudo rwaMwari ipapo, vachiri kudana. Zvino ipapo maJudha ivavo vakamira ipapo, vakomana vanonzwisa urombo, vachiziya nenzara.

187 Baba vavo vakanga vachiziya nenzara, vakati, "Endai zasi munotora chimwezve chibage chishoma, kana kuti tichafa nenzara."

188 Zvino akachengeta Benjamini zasi ikoko sechiratidzo. Uye munoziva zvazvaiva, kuti akamira sei pamberi pake. Ndokubva atarisa akaona Bhenjamini, akatadza kucharamba achizvidzora. Akaita kuti munhu wese abve paari, aende. Zvino Josefa anonzwisa urombo akamira ipapo, ndokuti, "Ndini Josefa, hama yenyu."

189 Zvino vakoma vake vakanga vachangobva kumuudza, vakati, "Tine munin'ina mumwe asisipo, akauraiwa nemhuka," uye akanga achitotaura nemunin'ina wake chaiye. Akanga ari munin'ina wake, Josefa, akanga akamira ipapo.

190 Zvino a—akavaita kuti vose vabve, zvino akazvizivisa, akati, "Ndini Josefa, hama yenyu." Zvino vakatya, tateguru. Vakatya. Akati, "Musatya henyu." Zvino akatanga kuzhamba zvine ruzha kwazvo kusvikira kunyangwe mhiri mumuzinda waFarao vakamunzwa achizhamba, vakanzwa kuzhamba kwake nokuchema. Akamhanya ndokukandira maoko ake pana Benjamini mudiki, ndokumumbundira nekumutsvoda, ndokuwira pamutsipa wake ndokutanga kuchema, akati, "Munoreva here kuti baba vangu vakwegura vanonzwisa urombo vachiri vapenyu muKenani?" Manzwiro akadini! Rwakadini, rudo rwaMwari rwakadururirwa kwese-kwese! "Baba vangu vachiri vapenyu uye ndiri kuvapa chibage." Akati, "Oo!" Zvino akazhamba nenzwi rake riri pamusoro.

191 Handizive kuti zvichavei, zuva iro Ishe wedu Jesu achadzika nemujengachenga rekumabvazuva, kudzoka panyika zvakare. Hareruya!

192 Ipapo akazhamba akachema, muchinda mukuru iyeye akamira ipapo, nemadzitateguru. Akati, akati, “Musazvidye moyo.” Akati, “Mwari vakandituma.” Munoona Mweya Mutsvene, kuti Rudo rwaMwari rwunoita zvakadii? Akati, “Mwari vakandituma zasi kuno. Musazvidya moyo.” Akati, “Mwari vakanditumira zasi kuno kuti ndichengetedze hupenyu panguva dzakadai.”

193 Zvino Mwari vakaMutumira kuno nokuda kwei, kunze kwekuchengetedza Hupenyu? Mweya Mutsvene uri pano nekuda kwei manheru ano, kunze kwekuchengetedza Hupenyu? Akarambwa nemaJudha, ndokutumirwa kuno kuMarudzi, kuchengetedza Hupenyu. UnaWo here manheru ano, shamwari yangu?

194 Akabva ati, “Baba vangu vachiri vapenyu here?” Zvino akatumira ikoko nengoro nenzombe, nezvimwe zvakadaro.

195 Zvino Israeri anonzwisa urombo, akwegura, bofu akabuda, muporofita akwegura achibuda saizvozvo, zvino akanzwa kuti Josefa akanga ari mupenyu. Akachema, uye akati, “Oo, Mwari ngavarumbidzwe! Ndichaona mwanakomana wangu kamwe chete zvakare, kutomubata.”

196 Paakamuunza zasi ikoko, akasangana naye. Ake akapofomara akare. . .minwe isina simba ichibuda saizvozvo, ndokubata chiso chaJosefa, zvino vakapfugama pane chimwe chinhu ipapo, ndokutanga kuungudza nekuchema. Baba nemwanakomana, vachimbundirana. Oo, ini zvangu!

197 Pandinofunga pamusoro pemuparadzi, manheru ano, ari kure naMwari, kunze uko muchivi, hama, achidya mudanga renguruve, achimhanyidzana nenyika yose! Wadii, wadii wangodaro, munguva yerumutsiriro rwuno, kana wakaparadza hupenyu hwako mumakore aya, mukurarama kwakashata, nezvinhu zvako, wadii watendeukira zvino, mumoyo mako, kuna Baba? Kana wakaita zvakaipa, wadii wasangana naYe manheru ano, zasi pakati penzira, wokandira maoko ako paAri.

“Nhai, munoreva kundiudza here, Hama Branham, kuti Mwari vachiri kundida?”

198 Vari kukutsvaga manheru ano. Vari kukutarisira. Mweya Mutsvene uri pano kuchengetedza Hupenyu, kukuchengeta, kukupa ropafadzo, kukusarudza. Uye kana wakasanangurwa muna Mwari, wauya pano manheru ano nechimwe chinangwa.

Unoti, “Hama Branham, Ndazviona ndakadaro here?”

199 Wauirei kuchechi manheru ano? Chii chakuita kuti uuye? Unofunga kuti dhiyabhore angadai akudhonzera kuchechi? Kwete, changamire. Dhiyabhore angadai akudhonzera kure

nayo. Mwari ndivo vanga vachidana. NdiBaba vari kudana kwauri manheru ano. Zvino, une nzvimbo muna Mwari, uye Mwari vadana ndokudana nekudana. Kana ukasagamuchira nzvimbo iyoyo . . . Pane nzvimbo dzakawanda dzakaverengwa kuno yemumwe nemumwe, uye Mwari vakafanotemera kumashure uko kuti nzvimbo ino inofanira kuva. Zvino, kana ukatadza kutora nzvimbo iyoyo, mumwe munhu achaitora panzvimbo yako. Saka, zvino, kana usati watora nzvimbo yako manheru ano, dai Mwari vakatendera manheru ano kuti utore nzvimbo yako.

200 Mangwana manheru tichaenda . . . Vakagara muEgipita ikoko kwemakore. Uye zvino mangwana manheru, tichavaburitsa vari pasi pegwayana rechibairo, uye touya navo tichikwidza kusvika paJorodhani, uyezve tovayambutsa rwizi, kupinda mune imwe nyika murenje.

201 Dai Ishe varopafadza mumwe nemumwe wenyu. Izvi zvanga zvakaoma manheru ano, zvatora nguva yakareba. Kwanga kuri kukwenga nekudhonza, inenge awa nehafu pano, kana kudarika, uye—uye ndichipinda nemuMagwaro, zvakaomarara nayo. Asi, hama, hanzvadzi, munogona here kucherechedza manheru ano kuti kusanangurwa muna Mwari? Vangani vanotenda mune "kusanangurwa muna Mwari"? Vangani vanotenda kuti Mwari vanokusanangura uye vokudana, ndiVo Vanozviita? Zvino muri kufara here? Munotenda here?

202 Unotenda here manheru ano kuti unogona kumira zvino, mangwana, wogoti, "Satani, wakandisundira kwese-kwese, uye wakaita *izvi* nekuita *izvo*. Uye mumoyo mangu, nguva dzose, panga paine chimwe Chinhu changa chichi rova, chichindiudza, kuna Mwari. Zvino ndava kuziva kuti kudanwa kwangu chii. Handizombofa ndakagutsikana kunze uko. Handikwanise kugutsikana kunze uko, nekuti Mwari vandidana. Saka ndiri kugadzirira zvino kukandira zvinhu izvi parutivi, uye ndouya kuna Baba vangu voKudenga. Ndichagara naVo"?

203 Vangani vari muno vangada kuti, "Hama Bill, kubva manheru ano zvichienda mberi, ndiri kuzvipira kuna Mwari, kuti ndichaVashumira. Ndinoziva kuti tave kumagumo enzira, uye ndinoziva kuti hatichisina nguva yakawanda yasara. Asi nenyasha dzaMwari, manheru ano, ndinoda kunyatsotanga patsva, uye ndiri kuzoshumira Mwari"? Ungasimudza ruoko rwako here? Mwari varopafadze moyo wako. Zvakanaka.

204 Vangani vanonzwa saizvozvo vangati, "Hama Bill, handisati ndanyatsova nazvo chaizvoizvo mupfungwa dzangu. Asi mungandinamatirawo here, kuti Mwari vandiise ikoko nezuva iroro, kuti Mwari vandipe kumwezve kudanwa mumoyo mangu? Uye ndichauya kana Vakangondidana kamwe chete zvakare, ndichauya"? Ungasimudza ruoko rwako here? Une hanya nazvo kusvika pakadaro here manheru ano? Mwari

vakuropafadzei, amai. Mwari vakuropafadzei, amai. Mumwe munhu zvino anoti...? Simu-...Mwari vakuropafadzei, amai. Mwari vakuropafadzei, changamire. Mwari vakuropafadzei. Uye Mwari vakuropafadze, mudzimai wechidiki.

205 Mumwezve munhu anoti, "Hama Branham, handisi zvandinofanirwa kuva manheru ano. Ndinoziva kuti handisi. Ndakachemedza Ishe wangu, asi chimwe Chinhu mumoyo mangu chagara chichindiudza kuti ndinofanirwa kuva Mukristu. Uye ndinoda kushumira Mwari." Ari pano here munhu akadaro manheru ano, uye asina kumbobvira atanga kuzviita? Zvino, ndinoda kuti muve makatendeseka kwandiri iko zvino, mukuvhara, vanoziva izvi. Kuti, chimwe Chinhu muhupenyu hwako chakakuudza kuti unofanira kushumira Mwari, wakanzwa saizvozvo kwenguva yakareba. Hausati wambotanga kuzviita nazvino, asi chimwe Chinhu chakuudza izvozvo.

206 Ini, handisi mumwe wevanhu vachamhanya kumashure ikoko uye vokudhonzera kuno. Kwete, kwete. Kana Mweya Mutsvene, kubudikidza nekuparidzwa kweShoko, ukasazviita, hazvina zvazvinondibatsira. Munoona, ndizvozvo, unofanira kuita sarudzo yako.

207 Asi ungatendeseka zvakakwana here kwandiri, woti, "Hama Bill, panga paine chimwe Chinhu mandiri kwemakore, kana kwenguva, kana chero zvachiri, chakandidana, chikandiudza, zvaiita sekunge ndinofanira kutendeukira kuna Mwari, asi handisati hangu ndazviita nazvino. Ndinamatireiwo, Hama Bill, kuti—kuti ndizova murume kana mudzimai anokwanisa kuzviita?" Ungasimudza ruoko rwako here? Kwese-kwese muchivakwa zvino, anonzwa kuti—kuti Mwari vadaro. Mwari vakuropafadzei.

208 Mumwezve munhu anoti, "Chimwe Chinhu chadana pamoyo pangu uye handisati ndambozvipira nazvino." Ingosimudza ruoko rwako, uti, "Ini, ndini wacho. Handisati ndambova Mukristu, asi ndi—ndi—ndinoda kudaro. Ndinoda kudaro, uye ndinoda kuti munamate kuti—kuti Mwari vasandiramba kusvika ndatora sarudzo yangu." Ungadaro here? Simudza ruoko rwako. Mwari vakuropafadzei, changamire, zvakanaka kwazvo. Mumwe munhu simudza ruoko rwako, uti, "Ndi—ndinoda kuti munamate, Hama Bill, kuti ndi—ndisaramba Mwari." Mwari vakuropafadzei, changamire. Izvozvo, zvakanaka. Zvino mumwewo munhu. Pane mumwezve here muno. Zvino, iva wakatendeseka.

209 Zvino tarisa, ko kana chiremba akauya kumba kwako kusati kwayedza, owongorora kurova kwemoyo wako, odzoka shure, oti, "Kwete, haasi kuzopabuda apa, atoparara uyu"? Oo, unozoshuva sei kuti dai wakangosimudza ruoko irworwo mudenga!

210 Zvinogona kunge zvakareva chimwe chinhu, uchiti, “Ndinamatireiwo, hama.” Handizive kuti ndiwe ani, kunze kwekunge wandizivisa. Chechi haizive kuti ndiwe ani. Asi kana ukasimudza ruoko rwako, Mwari vachazvicherechedza izvozvo. Izvozvo hazvingakuponese, kwete, asi zvinokupa pekutangira pakadaro. Zvichakupa pokutangira pakadaro. Zvino pamwe rumutsiriro rwusati rwapera, uchapa moyo wako kuna Kristu.

211 Zvino, izvi zvanga zvakakwasharara manheru ano. Tichaedza kudzika zvakanyanya mune zvakasimba, kudzika muShoko pakutanga, ndinoreva, tichienderera mberi.

212 Pane mumwezve here? Pane 5 vasimudza ruoko rwavo. Mumwewo munhu? Ndingawanawo here 6 kana 7? Zvino, ndinoda kuti muve makatendeseka. Mwari vakuropafadze, mudzimai wechidiki. Zvino, ndinoziva kuti pane mumwezve munhu muno unofanirwa kunge wakasimudza ruoko rwako. Zvino, chingosimudza ruoko rwako, uti, “Hama Bill, ndinamatireiwo.” Ini—ini handisi kuuyako kumashure kwauri, ndiri kuzokunamatira ndiri ipo pano. Zvino ingoti, “Ndirangarireiwo zvino, kuti handisi Mukristu, asi ndakagara ndichingonzwa kuti ndinofanirwa kuva. Uye zvino ndinoziva kuti handisi Mukristu.” Pane mumwe here zvino, simudza ruoko rwako. Ehe, ndava kugadzirira kuvhara. Enda kupiyano, Teddy, kana ungadaro.

213 Mumwe munhu iti zvino, “Hama Bill, ndirangarireiwo, kuti hupenyu hwangu huwedzere kuve pedyo naMwari. Ini—ini handidi kuva, kurarama hupenyu uhwu hwepakati nepakati nechinhano ichi chekungova nekakudziya. Ndinoda, chaizvoizvo, moyo wangu upfute nemoto. Ndinamatireiwo.” Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei, imi, imi. Zvakanaka. Zvakanaka. Mwari vakuropafadzei. Ndiri kuona maoko enyu achisimuka.

214 Tarisai, kana Mwari vachinzwa munamato wangu wokuzarura meso emapofu, kuzarura nzeve dzematsi, kuita kuti avo vakaremara (macongressmen, madzimambo, vatongi, madzishe, zvirema) vachitongotwasanudzwa! Tarisai pasi rose, mamiriyoni, mamiriyoni! Ndingada kuti nditaure izvi, nechokwadi kubva mumoyo mangu, vanhu vangangosvika 10 miriyoni vandinoziva vakanzwa Mharidzo, vanhu 10 miriyoni vendudzi dzose. Ndakambotaura pamberi pendudzi 10 ne 15 dzakasiyana panguva imwe chete, zvichitopfuura nemuvaturikiri 10 kana 15 usati watombogona kutaura rimwe shoko, saizvozvo kuburikidza nevaturikiri. Uye woona vanhu vanosvika 100,000, kana, uye woona vanhu vanosvika 30,000 panguva imwe chete vachiuya kuna Kristu, 30,000 vakatendeuka panguva imwe chete. Durban, South . . .

215 Uye ndiri kuenda kumusangano zvino uko vanhu 300,000 vachange vakagara. Uye ndinotaura izvi kubva mumoyo mangu.

Makambondinzwa here ndichifanotaura chimwe chinhu muZita raShe kunze kwechakanga chiri icho chaicho? Bvunzai chero kwamunoda, chero kupi zvako pasi rose. Uye tarisai mazana nemazana ezvinhu zvaAkataura. Zvirokwazvo, ndinoziva zvandiri kutaura nezvazvo. Kwete zvangu ini; Kristu ari muno *umu*.

216 Uye ndiri kukuudzai Chokwadi, shamwari, kana ukafa usina kuzvarwa patsva, wakarasika. Jesu akati, "Kunze kwekunge munhu aberekwa nemvura neMweya, haangatongopindi muHumambo." Hazvina basa kuti wakanaka sei, kana kuti wakabhadhara yakawanda zvakadini, kuti uri wechechi ipi, kuti uri weruwadzano rwupi, kuti chinzvimbo chako munharaunda chakadii, kuti amai vako kana baba vako vaive chii, kuti mufundisi wako aive chii. "Kunze kwekunge munhu aberekwa patsva, haatombooni Humambo hwaMwari."

217 Takatora chibage chiya rimwe zuva, makachiona kubva kuno kune zvekurima. Chimwe chacho chaive tsanga yakakwana yechibage, chikamu chose checalcium, zvose zvaive mutsanga *iyi* zvaivewo mutsanga *iyi*. Chimwe chakarimwa mumunda zvino chimwe chacho chakanga chisina, chanza chizere kubva mune chimwe nechimwe. Vakadzifushira. Hapana kana imwe yadzo yakanga isina zviri mune imwe yacho, dzakaitwa, dzikaumbwa zvakafanana, nezvimwe zvese. Hapana kana imwe *yadzo* idzi yakamera. Asi imwe neimwe ye*idzi* yakamera. Sei? Dzaiva nechizenga chehupenyu madziri.

218 Pane varume nemadzimai vari pano manheru ano zvino, uye pasi rose, vari kuenda kumachechi avo, vari veimwe chechi, vachizviti Makristu, asi vasina chizenga cheHupenyu mavari. Havakwanise kumuka. Hapana nzira yekuti vamuke. Usanyengerwa, shamwari, zviyere pachako. Zviri kwauri. Zviri mauri. Isarudzo yako. Dai Ishe vakuropafadzai takakotamisa misoro yedu.

219 Baba, basa iri manheru ano, nda—ndatozotaura zvinhu zvakaomarara, zvinhu zvakakwasharara, zvichicheka zvakaomarara, asi Makati Evhangeri yakapinza kupfuura munondo unocheka nemativi maviri, uchibaya kusvika kumwongo webvupa, uye Munzveri wemifungo yepfungwa. Mwari, musatendera kuti tive nechimwe chinhu chisiri iZvozvo. Zvino, tinoKutendai nokuda "kwekusanangura," tinoKutendai nokuti Makatidana. Uye zvino, mumoyo yedu, Mweya Mutsvene watichengeta makore ose aya. TinoKutendai zvikuru! Nyasha dzinoshamisa, kufunga kuti takabuda kubva mumakoronga echivi, kare-kare mumazuva, uye kuti Makatinakira kwazvo.

220 Uye Munoda varume ava nemadzimai vari pano munyika zvino, tichiziva kuti kwasara kutenderera kwezuva kushoma zvino nguva yacho inenge yaperesesa ipapo. Rimwe remazuva ano nguva ichange yaperesesa. Vachagurwa, uye nekukurumidza

chaiko, pasina chingabatsira, pasina tsitsi, uye Makati Muchangoseka mumatambudziko avo.

221 Kufunga nezvenyika ino, rimwe remazuva ano mhepo dzine ruzha dzichavhuvhuta nemunyika ino yekare, kana yaputitswa nebhambu reatomiki, iri uko munharaunda dzezuva, uye mhepo dzine ruzha dzichivhuvhuta dzichipfuura, makore 500 kubva manheru ano. Uye pachave nematombo epamakuva akavanzwa mujecha iroro, pamwe aine mazita edu paari, akarara uko muchamupupuri neruzha, nemhepo, kupisa kunosvuura kuchibva kuzuva. Asi mweya wedu unonzwisa urombo uchazovepi?

222 Mwari, dai uhwu hwava husiku hwekuti mamwe magumo Ekusingaperi agosarudzwa. Itai, Ishe, kuti mutadzi wese ari muno, varume nemadzimai ivavo, nemadzimai echididiki nevamwe vakadaro, vasimudza maoko avo uye vakati vatadzi uye vanoda kurangarirwa mumunamato, O Mwari, dai Mweya Mutsvene wazviita iko zvino. Uye dai vakagamuchira Jesu Kristu seMuponesi wavo, vagozadzwa neMweya Mutsvene.

223 Zviiteiwo, Ishe, kuti ava vakadzokera shure, neavo vakatonhora uye vakabva paMuri, dai vakauya vachimhanya manheru ano seboka revana vari kuziya nenzara kusvika pakufa, vari kumhanyira kuTafura yaMwari, vachiti, “Ndinoda kupihwa chekudya.” Uye dai Mazviitawo, Ishe.

224 Uye tinoKutendai nokuda kwevatsvene ava vanodikanwa vaMwari vasimudza maoko avo, uye nemumisodzi nemunyengetero, uye vachienderera mberi, varamba vakatendeka kusvika panguva ino.

225 Ropafadzai mashoko aya manheru ano, Ishe, kunyangwe atorwa kubva kune rimwe divi reBhaibheri kuenda kune rimwe racho, uye ose asina kunyatsotaurwa nemazvo, zvino zvichida Munogona kuagadzirisa mupfungwa dzavo, Ishe. Zvanga zviri zvitsva kwandiri, kekutanga kwemakore 7, Ishe, kuedza izvi. Uye ndinonamata zvino kuti mangwana manheru Mugotidzosa tose, nezvimwewozve zvizhinji, uye dai Mweya Mutsvene wauya pano. Uye vazhinji veava vari pano manheru ano vagoita sarudzo uye vaponeswe, vozodzoka mangwana manheru, vachipembera uye vachifara, (zviiteiwo, Ishe) vachiwira pamutsipa waBaba, sezvakaita Josefa, Ishe, vachitsvoda Baba, oo, uye vachiti, “NdinoKutendai, Ishe, nekundiponesa.” Zviiteiwo, Ishe. Dai chimwe chinhu chaitika zvino. Tinokumbira ropafadzo iri, kuti mutiparadzanise kubva mumusangano uno, asi kwete kubva mune hweNyu—kubva muHupo hweNyu, uye dai tikadzoka, tichifara, tichipembera, mangwana manheru, tichiunza zvisote zvakakosha. Nokuti tinozvikumbira muZita raKristu. Ameni.

226 Shamwari yeChikristu, ndine hurombo kuti ndachengeta nguva yose iyi. Ndine hurombo zvikuru. Mangwana manheru ndinoda kubuda na 9 o’clock, kana zvichibvira.

Ndatozotaura zvakati omararei. Handina zvandagona kuita nezvazvo. Munondida, zvakadaro, hamudaro here? Ndinodaro, ndinokudai. Uye ndezvekungoti zvikunakirei. Zvino ngatisimukei. Zvakanaka, *Tora Zita RaJesu Pamwe Newe*, kodhi yacho.

Tora Zita raJesu pamwe newe,
Mwana wekusuwa nenhamo;
Richapa mufaro nokunyaradzwa . . .

227 Zvino, ndinoda kuti uende pafoni mangwana. Bata mumwe munhu mutadzi, huya naye. Udzoke. Udzai vafundisi. Huyai zvino, ngatibatanei pamwe chete uye tova nerumutsiriro rwechinyakare. Tichatwasanudzwa husiku humwe kana huviri, zvino, saka tichaenderera mberi tova nenguva yakanaka. Kwazisanai maoko mumwe nemumwe zvino.

. . . Denga;
Zita rakakosha, O rinotapira kwazvo!
Tariro yenyika nemufaro weDenga.

228 Zvino dai nyasha dzaMwari, nekuwadzana kweMweya Mutsvene, zvazorora nekugara nemi, kubva zvino kusvika tasangana zvakare, muZita raJesu. Ameni.

229 Mwari vakuropafadzei zvino. Masunungurwa kuenda, murudo rwaMwari neropafadzo. Zvino, imi mose nhengo dzetabhenakeri, kwazisanai maoko nevanhu ava vari pano. Ivai nechokwadi chekuti mumwe nemumwe wenyu anokwazisa maoko avo, movati vadzoke zvakare. Dai Mweya Mutsvene waitawo zvimwe chete. Zvino chingogadzirisanai, kanganwai misiyano yenyu yose, uye mogadzirisana. Zvakanaka.

PaZita raJesu tichigwadama,
Tichiwa . . .

53-0325 Israeri NeChechi #1
Branham Tabhenakeri
Jeffersonville, Indiana U.S.A.

SHONA

©2026 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org